

**UBUTUMWA BUSANZWE KUBIJANYE
N'INYIGISHO RUKRISTO ZO MURI
BIBILIYA**

Canditswe na: Pasitori Thomas Wade Akins



Thomas hamwe na Barbara Akins

Pasitori Thomas hamwe na Barbara Akins bakoreye Kristo imyaka myinshi cane. Bakora igikorwa c'Imana co kwigisha abapasitori n'abarongozi b'amashengero ahantu henshi kw'isi. Baramaze kwigisha ibihumbi vy'abarongozi bo mubihugu birenga 67 kw'isi.

Pasitori Thomas yatanguye igikorwa c'ubumisiyonariya mugihugu ca Vietnam yo Hepho mumwaka wa 1968. Yarakoreye no muri Washington, D.C. muri Leta zunze ubumwe z' Amerika hamwe no muri Brazil.

Barbara we yatanguriye igikorwa ciwe c'ubumisiyonariya muri Brazil.

Icipfuzo c'imitima yabo nico gushimagiza Kristo haba m'ubuzima canke m'urupfu. Imigani 3 :5-6, Yohana 17 :4, Yereimiya 29 :11

Thomas Wade na Barbara Akins

IBIRIMWO

Igice ca 1: Uko umuntu avuka ubwa Kabiri

Inyigisho z'Agakiza

Igice ca 2: Umutekano uhoraho

Inyigisho z'ubuzima buhoraho

Igice ca 3: Imana Imeze gute ?

Inyigisho zivuga ku Mana

Igice ca 4: Yesu ni nde ?

Inyigisho za Yesu Kristo

Igice ca 5: Mpwemu Yera ni nde ?

Inyigisho za Mpwemu Yera

Igice ca 6: icaha n'iki ?

Inyigisho z'icaha

Igice ca 7: Umusaraba wa Kristo

Inyigisho z'Umwuzuzo

Igice ca 8: n'iki ugutsindanishirizwa ?

Inyigisho z'ugutsindanishirizwa

Igice ca 9: n'iki umwuzuzo n'Ugucungurwa ?

Inyigisho z' umwuzuzo n'Ugucungurwa

Igice ca 10: n'iki Ukwihana ?

Inyigisho z'ukwihana

Igice ca 11: n'iki Ukwizera n'ubuntu ?

Inyigisho z'Ukwizera n'ubuntu

Igice ca 12: Ukugaruka kwa kabiri kwa Yesu Kristo

Inyigisho z'Ukugaruka kwa kabiri kwa Yesu Kristo

IGICE CA MBERE

UKO UMUNTU AVUKA UBWA KABIRI

INYIGISHO Z'AGAKIZA IGICE CA I

Yohana 3 :1-16

Intangamarara

Muriki gisomwa turabonamwo umugabo yitwa Nikodemu (umurongo wa1). Nicodemu yari umufarisayo. Abayuda bari bagizwe n'imigwi ibiri ico gihe. umugwi umwe wari ugizwe n'Abasadukayo uwundi wari uw'Abafarisayo. Abafarisayo bari Abanyamigenzo cane.

Kuba umufarisayo vyasigura kuba umuntu mwiza. Yaba ari umuntu yubahwa mukibano. Yaba ar' umwe mubagize inzego z'igihugu. Yaba ar'umuntu w'umunyabubasha. Kuba umufarisayo vyasigura kuba umunyedini adasanzwe. Yatanga icicumi (10%) c'umwimbu wiwe k'Umwami. Yari umuntu yize Ivyagezwe vya Mose kandi yavyumvira ukwo ashoboye kwose.

Ariko Nikodemu yari afise ikibazo. Muri we yari umuntu w'umunyamibabaro. Yarafise ikinogo kinini muri we kandi atashobora kwuzuzwa.

Hama rero araza kuri Yesu ijoro rimwe (umurongo wa2). Yaje mw'ijoro kugira ntihagire uwumubona. Yar' azi Yesu uwariwe kuko yaramaze kubona no kwumva ibitangaza Yesu yakoze. Aramubwira, "Ntawoshobora gukora ibitangaza ukora shiti Imana irikumwe nawe".

Yesu yarafise ububasha bwo kubona ibiri m'umutima w'umuntu. Hama Yesu amenya ko naho ari umunyedini mwiza akeneye kugira Ubuzima budashira.

Yesu yatanze impamvu zitatu z'igituma utegerezwa kuvuka ubwa kabiri.

I. IMVO YAMBERE-Nimba wipfuzwa kuja mw'ijuru niwapfa utegerezwa kuvuka ubwa kabiri.

Urashaka kuja mw'ijuru umaze gupfa?

Yesu yaravuze ati, "Ntawushobora kubona Ubwami bg'Imana atavyawe ubwakiri" (umurongo wa 3).

Kubera iki? Igihe wavyagwa na nyoko wawe wavutse muburyo bw'umubiri.

Mukuvuka kwawe m'uburyo bw'umubiri wavukanye kamere k'icaha. Ntatumwe yigeze akwigisha "ingene" bacumura. Ntawakwigishije ingene babesha. Ntawakwigishije Ukwikunda. Gucumura ni kamere kaku. Twatoranye Kamere kaku kicaha kuri Adamu.

Ntushobora guhindura Intare igitungwa. Woshobora kuyirera kuva ikiri ikibuguru (icana). Woshobora kuyikunda nk'igitungano. Woshobora kuyigaburira. Ariko umusi umwe izokura kandi kumbure ikwice. Kubera iki ? Kuko ifise kamere k'ubunyamaswa.

Nico kimwe n'umuntu. Kamere kaku nako gucumura. Ntatumwe yigera atwigisha uko bikorwa. Nico gituma ukeneye kamere gashasha kugira ngo uje mw'ijuru. Kamere kava ku Mana. Kamere Imana iguha.

Rero nimba ushaka kwinjira m'Ubwami bw'Imana utegerezwa kuvuka ubwa kabiri. Uku kuvuka ubwa kabiri n'ukuvuka kuva mw'ijuru (umurongo 5).

Yesu yaravuze ati, "ngiye kubategurira ibibanza mw'ijuru". Yohana 14 :2 . Ijuru n'ikibanza kibaho!

Mbega ijuru rizoba rimeze gute ?

Ijuru n'ikibanza ciza cane.

Ijuru n'ikibanza ki ? N'ikibanza ciza cane. Bibiliya igereranya ijuru ko rifise amabarabara y'inzhabu. Ivuga ko ijuru ari ikibanza gifise ibihome bibonerana kandi bikayangana. Umuryango wose w'ijuru ugizwe n'Inzhabu.

Ijuru n'ikibanza gitunganye.

Iyumvire nawe : ntamibabaro izobayo ; ntagwara zizobayo ; ntaamarushwa azobayo ; nta'urupfu ruzobayo hariya.

Ijuru n'ikibanza uzomenya abantu.

Urashobora kwibaza, uti mbega tuzomenyana mw'ijuru ? Ego cane. Ntuzoba imburabwenge nagato mw'ijuru.

Uzoshobora kugenda kwa Aburahamu kuganira nawe kubijanye n'umuhamagaro wiwe wavuye ku Mana wo kuba Sekuruza w'umuryango w'abayuda ariwo woguhezagira Isi biciye muri Mesiya azoza.

Uzoshobora no kuyaga na Mose. Nawe niwibaze : Uzoshobora kubaza Mose uko vyari bimeze kumusizi Sinayi igihe yahabwa ivyagezwe cumi.

Uzoshobora kuyaga n'Umwami Salomo, Umwami Dawidi n'abandi barongozi bakomeye muri bibiliya hamwe n'abavugishwa. Uzoshobora kubonana n'abagabo b'Imana bakomeye nka

Yeremiya, Yesaya, Amosi. Uzohura n'abapfasoni b'Imana bakomeye nka Rusi, Esiteri na Mariya nyina wa Yesu.

Kumbure warabuze so, nyoko, umugore, umugabo canke umwana. Nimba bari baravutse ubwakabiri, uzobabona kandi uzobibuka. Uzoba ari umusi mwiza wo gusubira kubana n'incuti n'abagenzi.

Ariko ikintu nyamukuru mw'ijuru n'uko uzobona Yesu imbonankubone.

Bibiliya iravuga ko igihe kizoshika aho amavi yose azopfukama kandi indimi zose zature ko Yesu ar'Umwami. Yesu niwe muco w'ijuru. Uzoba munyonga ziwe. Twese tuzopfukama tumuhimbaze.

Ivyahishuriwe Yohana igice ca 4 haratubwira ibiriko biraba mw'ijuru ubu nyene. Yesu ari kuntebe yiwe y'inganji akikujwe n'abamarayika baririmba ngo ;

UWERA, UWERA, UWERA

N'UMWAMI IMANA NYEN'UBUBASHA

UWAMYEHO, ARI HO, KANDI AZOKWAMAHO

Urashaka kuja mw'ijuru umaze gupfa ? Nimba ariko biri, ningombwa ko uvuka ubwakabiri.

II. IMVO ya 2- kuki tuvuka ubwa kabiri ? Kugira turonke ubuzima bw'Ukuri ubu nyene!

Utegerezwa kuvuka ubwakabiri kugira uronke ubuzima bw'ukuri ubu. Ubuzima bw'umunezero, amahoro n'urukundo.

Yohana 3 :16 haravuga, "Kuk'urukundo Imana yakunze abari mw'isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w'ikinege, ng'umwizera wese nt'az'apfe rubi, arikw'ahabwe ubugingo budashira".

Twama twibaza kw'ijambo "ubugingo budashira" nk'ikintu gitangura tumaze gupfa. Ukwon'ukuri. Ariko, vy'ukuri birarengeye ivyo. N'ubuzima butangura ubu nyene ukiriho kw'isi. Igihe Kristo aje m'umutima wawe, ubugingo budashira buca butangura aho nyene. Ntibutangura igihe upfuye. Ubugingo budashira butangura igihe Kristo yinjije m'umutima wawe. Igituma n'uko Mpwemu Yera yinjira m'ubuzima bwawe igihe uhaye ubuzima bwawe Kristo.

Ubugingo budashira bisigura ukuja mw'ijuru igihe upfuye ariko kandi bisigura kubaho ubuzima bw'ubwiza kandi busobanutse ubu ukibayeho kw'isi.

Kristo aguha intumbero mugishingo cokubaho ugaragara (ataco uri m'ubuzima).

Kristo aguha Urukundo mugishingo c'Urwanko.

Kristo aguha Ubuzima mugishingo c'urupfu.

Kristo aguha imbabazi mugishingo c'ubwoba.

Muyandi majambo Kristo aguha insiguro n'intumbero y'ubwo buzima bwawe.

Woba wipfuzwa kwakira UBUZIMA mugihe ikibayeho kw'isi ?

Ubuzima bw'ukuri n'ubuzima bw'ubwiza, amahoro, umunezero, urukundo, imbabazi n'ukumenya ko uzoja mw'ijuru inyuma y'urupfu.

Nimba wipfuzwa ubuzima ubu nyene mugihe ukibayeho kw'isi rero utegerezwa kuvuka ubwakabiri.

III. IMVO YA GATATU : kuki dutegerezwa kuvuka ubwa kabiri ? duhunge ukuzimu.

Yohana 3 :18 haravuga, "Umwizeye ntazotsindwa n'urubanza, arik'utamwizeye aramaze gutsindwa, kukw'atizeye izina ry'Umwana w'Imana w'ikinege."

Mugihe ca none hari aba pasitori benshi n'abantu batemera Umuriro udashira (ukuzimu). Ariko Yesu we yarawemera. Yesu yarigishije vyinshi kuvyerekeye Umuriro kurusha Ijuru.

Yesu yaravuze muri Matayo 25:46, "abo bazoya mugihano kidashira, arikw abagororotsi bazoya m'ubugingo budashira".

Umuriro udashira (ukuzimu) n'iki ?

A. Umuriro udashira (ukuzimu) n'ikibanza c'itandukanywa.

Bibiliya iyo ivuga "Urupfu" iba iriko iravuga "itandukanywa". Urupfu bisigura "ugutandukanywa". Hari ubwoko butatu bw'urupfu muri Bibiliya :

1. **Urupfu rwo mumubiri** : umunsi umwe umubiri wawe uzohagarara. Umutima wawe uhagarike gutera. Impwemu yawe izova mu mubiri wawe. Bibiliya yita umubiri "ihema". Itwikiriye impwemu yawe n'umushaha wawe.
Rero, urupfa n'igihe impwemu n'umushaha bivuye mumubiri wawe. Bigereranywa nko kuva mucumba kimwe ukaja mukindi.
2. **Urupfu muburyo bwa mpwemu** : urupfu muburyo bwa mpwemu n'urwo urupfu ufise igihe ukiriho kw'isi. Utandukanijwe n'Imana kandi nt'amahoro n'umunezero ufise ubu. Ufise ikinogo kinini ibwina mu mushaha wawe.

Umubiri wawe umerewe neza ariko muri wewe ntunzezerewe.

3. **Urufu ruhoraho** : uku n’ugutandukanywa n’Imana ibihe bidashira. Iki nico kirusha ububi ibindi muvuyerekeye urufu. Ikibanza Imana itabamwo.

Ukuzimu n’ikibanza c’Imibabaro. Yesu agereranya ukuzimu nk’ikibanza c’umuriro. Ikibanza aho umuriro utazima. Yise ukuzimu “ikiyaga c’umuriro”. Yaravuze kubijanye n’ukunyanyaswa “ murizo mbeya”.

Bamwe bizera kw’aya ar’ amajambo y’ikigereranyo atar’ ay’ukuri. Nimba ari ikigereranyo gusa kukintu kibaho urumvako rero ukuzimu kuzoba kubi cane kurusha ibi.

Ukuzimu n’ukwa Satani n’abadayimoni biwe. Ukuzimu ntikwaremewe abantu. Kwaremwe n’Imana kubwa satani n’abadayimoni biwe. Imana ntiyipfuzako wewe canke uwariwe wese yoja mu kuzimu. Niwaja mukuzimu inyuma y’urufu azoba ari kubera wahisemwo kwanka Yesu Kristo kwakubera Umwami n’umukiza.

Yesu yarababajwe nko mukuzimu ari kw’isi, igihano, ugutsindwa ivyovyose kugira arihe ivyaha vyawe. Ikiguzi c’icaha n’urufu. Yarapfuye hama arariha ico kiguzi kubwawe, mugishingo cawe. Niwamuha ubuzima bwawe azoguharira kandi agukize.

Rero, yatanze imvo zitanze zigituma ukeneye kuvuka ubwa kabiri.

Ikibazo ubu rero niki : **NI GUTE UVUKA UBWA KABIRI.**

Yohana 3 : 16 haravuga, “Kuk’urukundo Imana yakunze abari mw’isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w’ikinege, ng’umwizera wese nt’az’apfe rubi, arikw’ahabwe ubugingo budashira”.

Bavuka ubwa kabiri gute. Ijambo nyamukuru muruyu murongo ni “kwizera”.

Hari ubwoko bubiri bw’ Ukwizera muri bibiliya.

- A. Ukwizera kw’umutwe. Ukwizera kw’ubwenge. Na Satani arafise uku kwizera. Aremera Imana. Aremera Yesu, aremera ko Yesu yavyawe n’isugi. Aremera ko Yesu yapfuye kumusaraba kubw’icaha. Aremera ko Yesu yazutse mubapfuye.

Satani aremera ariko ni mumutwe wiwe gusa. Ntiyakijijwe. Yakobo 2 :19 haravuga ngo “Wemera yukw’ Imana ar’imwe. Ugize neza ; ariko na Satani n’abadayimoni nabo nyene baravyemera bagahinda agashitsi.”

- B. Ukwizera kwo mumutima. Niwizera mumutima uravuka ubwakabiri.

Abaroma 10 :9 havuga, “kuko niwaturisha akanwa yuko Yesu ar’ Umwami, ukizera mumutima wawe yuko Imana yamuzuye imukuye mubapfuye, uzokizwa”.

Ukwizera kwo mumutima birasaba ukwiyemeza. Urashobora kuba ufise intebe yokwicarako. Hama ukuguma uhagaze hampande yiyo ntebe umusi wose hama ukavuga uti, “Ndizera yuko nicaye muriyi ntebe ishobora kungumya”

Ariko ukwo n’ukwizera kw’umutwe.

Ukwizera kwo mumutima n’igihe wicara muriyo ntebe, ugaha ubuzima bwawe iyo ntebe. Ukizera ko iyo ntebe ishobora gushigikira uburemere bwawe.

Abantu benshi baravuga ijoro n’umurango ngo, “Ndizera Yesu” ariko utaragera aho uha ubuzima bwawe Yesu nk’ Umwami n’Umukiza nturavuka ubwakabiri.

Ivyo bisugura guha umugongo izindi mana zawe, ibigirwamana, impwemu, ibisekuruza, ibimazi, ivyaha vyawe, ukwigenga m’ubuzima bwawe bwiza n’ibikorwa vyawe vyiza hama ukizera Yesu wenyene nk’Umwami n’Umukiza wawe.

Bisigura kwakira Yesu mu buzima bwawe akaba Umwami, uwuganza, Imana imwe rudende y’ubuzima bwawe.

INDUNDURO :

Urakeneye kuvuka ubwa kabiri ? Urakeneye kumenya ko ivyaha vyawe vyahariwe ?

Urakeneye kumenya ko niwapfa umusi umwe uzoja mw’ijuru ?

Nimba ar’uko biri, urashobora gusenga mukwizera ugatumira Kristo mubuzima bwawe buno nyene. Bibiliya iravuga ngo, “kuko, umuntu wese azokwambaza izina ry’Uhoraho azokizwa”. (Abaroma 10 :13).

Ha ikaze Yesu mubuzima bwawe ! Mukwizera urashobora gusenga ugaha ubuzima bwawe Kristo ubu nyene !

Senga uti, “Mwami, ndizera ko uri Umwami n’Umukiza wanje. Buno nyene, ndaguhaye ubuzima bwanje. Ingo mubuzima bwanje ube Umwami n’Umukiza wanje. Urakoze Mwami kwumva isengesho ryanje ugakiza impwemu yanje. Nsenze mw’izina rya Yesu. Amen !”

IGICE CA KABIRI

INYIGISHO Z' UMUTEKANO UHORAHO

INYIGISHO Z'UBUZIMA BUHORAHO

Yohana 17 :3

“Ubu nibwo bugingo budashira, ko bamenye wewe, Imana yonyene y’ukuri, n’uwo watumye, Yesu Kristo”.

Intangamarara

Hari ukuzazanirwa kwinshi uno musi kubijanye n’iki kibazo c’umutekano uhoraho. Muyandi majambo, mbega igihe ukijijwe, ukijijwe ibihe bidashira?

Birahambaye cane ko uwizera wese agira ukwemezwa kw’ubugingo budashira.

Udafise ukwemezwa ko ufise ubugingo budashira, ntibizoshoboka ko ugira amahoro, umunezero n’ububasha kugira ng’ubeho ubuzima rukristo bw’intsinzi.

Nimba wizera ko woshobora gutakaza Agakiza kawe rero woshobora kutamenya neza yuko wakijijwe. Mbega ni kuruhe rugezo woshobora gutakaza Agakiza?

Mbega hoba hariho ivyaha kanaka vyotuma utakaza agakiza kawe? Nimba ar’uko biri, mbega n’ibihe ?

Mbega hoba hariho ibindi vyaha bitotuma utakaza agakiza kawe? Nimba ar’uko biri, mbega n’ibihe?

Nimba wizera ko ivyaha kanaka vyotuma utakaza agakiza kawe hama ko har’ ibindi vyaha bitotuma ugatakaza, rero aho uri mukibanza caho ivyaha bimwe vyemewe ibindi navyo bitemewe.

Kandi, uba uriko wizera ko wakijijwe n’ubuntu bw’Imana ariko ko ugumizwa mugakiza n’inkomezi hamwe n’ibikorwa vyawe. Mbega umuntu yokwigumiza mugakiza mugukora ivyiza ?

Turiga iyi nyigisho ikomeye, mukurabira hamwe ico Ijambo ry’Imana ryigisha, twibaza ibibazo bine.

I. Ubugingo budashira n'iki ?

Ubwambere, reka twige icarico ubugingo budashira. Abantu benshi baribaza ko ubugingo budashira ari ukubaho ibihe bihora. Haba namba, ariko icyo nikiva mukuba ufise ubugingo budashira.

Yesu Kristo arasigura icarico ubugingo budashira muri Yohana 17 :3. Yesu aravugaga, "Ubu nibwo bugingo budashira, ko bamenye wewe, Imana yonyene y'ukuri, n'uwo watumye, Yesu Kristo".

Ijambo nyamukuru mur'uno murongo ni "Kumenya". Ijambo "kumenya" risigura imigenderanire y'ibwina ugiranira n'Imana kugatwe kawe. Itanguriro 4 :1 havugaga ngo : "Kand' uwo mugabo abana na Eva umugore wiwe, nukw'asama inda, avyara Kayini".

Mur'uno murongo ijamba "kumenya" rigereranywa n'imibonano mpuzabitsina hagati y'umugabo, Adamu, hamwe n'umugore wiwe, Eva. "Kand' uwo mugabo abana na Eva umugore wiwe, nukw'asama inda, avyara Kayini".

Iyo umugabo n'umugore bagize imibonano mpuzabitsina aba bantu babiri baba bacitse "umwe". Gurtyo nyene, Ubugingo budashira n'igihe ucitse UMWE n'Imana na Yo igacika umwe nawe. Intumwa Paulo akoresha ano majamba, "Muri Kristo". Turi "muri Kristo" kandi Kristo ari "muri twe".

Nuko rero, ubugingo budashira n'ukugiranira ubwawe imigenderanire n'Imana biciye muri Yesu Kristo Umwami n'Umukiza wacu. Igihe umuntu ahaye ubuzima bwiwe Kristo nk'Umwami n'Umukiza, Mpwemu Yera aza mubugingo bwiwe. Acika umwe n'Imana. Agiranira imigenderanire n'Imana.

Inyungu iva mur'iyi migenderanire n'Imana n'ukubaho ibihe budashira mw'ijuru inyuma y'urupfu rwawe. N'imigenderanire itagira iherezo.

II. Ijambo "uguhoraho" bisigura iki ?

Yohana 3 :16 havugaga, "Kuk'urukundo Imana yakunze abari mw'isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w'ikinege, ng'umwizera wese nt'az'apfe rubi, arikw'ahabwe ubugingo "budashira"".

Mbega twashobora gusoma uno murongo tuvugaga, ".....arikw'ahabwe ubugingo kugeza mundwi iza.... ?.....kugeza mumwaka uza ?....kugeza usubiye gucumura ?"

Oya, uyu murongo uvugaga, "ubuzima budashira"

Ukudashira bisigura ukudashira. Ivyo bisigura uguhoraho. Ntibugira iherezo.

Ivyo bisigura ibihe vyose.

Abaroma 8 :1 haravugaga, "N'uko rero abari muri Kristo Yesu nta rubanza ruzobatsinda".

III. ABAHEBURAYO 6 :4-5 HABABWIRA IKI ?

Abaheburayo 6 :4-5 haravuga, “ Kukw abamaze kwakirwa n’umuco, bagatamira ingabire iva mw’ijuru, bagasangira Mpwemu Yera,

05- Bagatamira Ijambo ryiza, n’ububasha bgo mugihe kizozza,

06- Maze bakagwa bakabivamwo, ntibishoboka gusubira kubahindura basha ngo bihane : kuko bongera kwibambira Umwana w’Imana, bakamutetereza ahibonekeza.”

Menya neza ko Bibiliya ibigereranya n’ “ingabire iva mw’ijuru”. Iyo yabayeye Kristo.

2 Ab’i Korinto 9 :15 havuga ko Kristo ar’ “ingabire y’Imana nziza itovugwa”

Ariko, iyi ngabire, Kristo, ntiyakiriwe ariko yarumvurijwe gusa, yarahonjeje. Ubugingo budashira buva mu kwakira ingabire, Kristo, atari ukumuhonjako gusa. Bimeze nko “kwumviriza” imfungurwa ariko utazihekenya kandi utazimira. (McArthur, Abaheburayo)

Yeremiya yaravuze, “Amajambo yawe yarabonetse, ndayarya, kandi amajambo yawe yambereye akanyamuneza, n’ibihimbaro vy’umutima wanje : kuko nitiriwe Izina ryawe, Uhoraho Mana nyene Ingabo”. Yeremiya 15 :16.

Benshi batahura nabi uyu murongo (Abaheburayo 6 :4-5) ko woba usigura ko umuntu yoshobora gutakaza agakiza kiwe. Ahu bwo, igihushane nikwo kuri.

N’umurongo usigura ko bidashoboka ko umuntu atakaza agakiza kiwe kuko iyaba wobishobora, Rero Yesu yobwirizwa kubambwa kandi kugira ngo ushobore gukizwa kandi. Rero n’ukuvuga ko ivyo bidashoboka.

Muyandi majambo ijambo “iyoy” ni ijambo “ry’ukudashoboka”.

Mumajambo yoroshe, “iyaba vyoshoboka gutakaza agakiza rero ntivyoshobotse gukizwa kandi”.

Nico gituma, yariko avuga ko bidashoboka ko utakaza agakiza kawe mukibanza ca mbere kuko Kristo yobwirijwe gupfa kandi kumusaraba kugira agukize. Ivyo vyoba ibidashoboka ko Kristo abikora, kubw’ ivyo rero ntibishoboka ko utakaza agakiza kawe.

MBEGA IYO BISHITSE UMUNTU YAKIJWE AKAGWA MUCAHA BIGENDA GUTE ?

Biragoye kubona umuntu muri biibiliya atoba yarigeze agwa mucaha ahantu nahamwe.

Adamu na Eva baracumuye mw’itongo rya Edeni.

Nowa yaraborewe amaze gusohoka m’ubwato.

Aburhamu yarahaye umugore wiwe Farao.

Mose yarashavuye cane kugeza aho ata kandi ararenga amabwirizwa cumi.

Dawidi yarasambanye kandi yaricishije umugabisha w'ingabo muntambara.

Petero yarihakanye Yesu incuro zitatu imbere yuko Kristo abambwa.

Toma yarakakeranije ko Yesu yazutse mubapfuye inyuma yo kugendana nawe imyaka itatu.

Timoteyo yaritandukanije na Paulo mu rugendo rwabo rwambere rw'ivugabutumwa.

Ntanahamwe Imana yigeze kubwira umwe muraba bagabo ko atakaje agakiza kiwe.

Mbega rero, bigenda gute iyo umuntu yakijijwe aguye mukigeragezo hama agacumura.

Ubwambere, Imana izomuhana. Umwanditsi w'iki gitabo, Pasitori Toma, afise abana batatu. Umusi umwe yarabwiye umuhungu wiwe gukora ikintu. Umwana wiwe aragaba. Pasitori Toma, yari gushobora kwirukana umuhungu wiwe munzu yiwe no mumuryango wiwe ibihe vyose.

Yari gushobora kuvuga ati, "Mwana, nakubwiye ico gukora none wahisemwo kugaba. Rero, ndagusavye kuva mur'iyi nzu n'uyu muryango ibihe vyose".

None, ninde yokorera ivyo umuhungu wiwe ? Ntanumwe !

N'iki Pasitora Toma yakoze ? Yafashe umukaba wiwe hama aramubwira ati, "Mwana, wangerarije. Nico gituma, kubera urukundo ndagukunda ngiye kugukubita. Nshaka ko ukura wiga kwubaha abantu bagufiseko ububasha. Nkoze ibi kuko ndagukunda kandi nipfuza ko wiga kwubaha".

Abaheburayo 12 :5 havuga ngo, "Mwana wanje, ntugaye igikangiro c'uhoraho, kandi ntudendebukirwe niyaguhana". Umurongo wa 6- Kuk'uko Uhoraho akunda ari we akangira, kand'aramagura uwo yemera wese kw'ar' umwana wiwe."

ISHIRAMUNGIRO : Ico ibi bisigura. Iyo waguye mucaha icarico cose hama ukakibandanya Imana izoguhana hama igutoze indero nimba warakijijwe. Nimba kuvyukuri uri umwana w'Imana, izoguhana gushika aho uzokwihana hama uyigarukeko.

Urashobora kubaza, "uti mbega vyogenda gute nko mugihe umuntu yakijijwe yogwa mucaha hama ntiyigere yihana kandi ntanagaruke ku Mana " ?

Abaheburayo 12 :7 havuga ngo, "Ico mukwiye kwihanganira n'ugutozwa indero nziza. Imana ibagirira nk'abana bayo. N'umwana ki, adakangirwa na se ?"

Umurongo wa 08- "ARIKO NAMBA MUDAKANGIRWA NK'ICO ABANDI BOSE BAKORERWA, MUR'IBIVYAGWA NTIMUR'UBURA BGAYO."

Muyandi majambo Imana iriko iravuga yuko ushobora kuvuga ko wakijijwe, ko wavutse ubwakabiri ariko iyo uguye mucaha ntiwigere wihana, hama ntuhanwe rero uzoba warihenze ubwawe. Umuntu atitaye kuvyuvuga, ntiwigeze kuvy'ukuri ukizwa.

Iyo wakijijwe vy'ukuri hama ukagwa mucaha haraho rimwe narimwe uzohanwa, wihane hama ugaruke ku Mana. Atar'uko, ntiwigeze kuvy'ukuri ukizwa ubwambere.

INDUNDURO :

Mugitabo c'Abaheburayo Bibiliya iratubwira ko har' ibintu bine bidashoboka :

- 1) Ntibishoboka ko Imana ibesha. 6 :18
- 2) Ntibishoboka ko amaraso y'amapfizi n' ay'impene akurah' icaha. 10 :4
- 3) Uwutizera ntibishoboka kwahimbara Imana. 11 :6
- 4) Ntibishoboka ko wotakaza agakiza kawe. 6 :4-5

Bibiliya iratwigisha ko agakiza gaseruka igihe Kristo yinjiye mumutima wawe. Murico gihe uba uvutse ubwakabiri ukakira "ubugingo budashira"..... atari ubugingo buzohera igihe usubiye gukora icaha kandi. N'ubuhoraho. N'ubw'ibihe vyose. Nimba woshobora gutakaza agakiza kawe rero ntigahoraho. Si ubuzima "buhoraho".

Bibiliya irigisha ko udashobora kwikiza ubwawe.

Abanyefeso 2 :8 haravuga, "Ubuntu nibwo bwabakijije kubw'ukwizera : na vyo nyene ntivyavuye kuri mwebwe, n'ingabire y'Imana".

Umurongo w'icenda..."Ntivyavuye kubikorwa, kugira hoye uwirarira".

Hari ukuri kubiri ngaha :

1. Ntushobora kwikiza ubwawe kucaha mugukora ibikorwa vyiza. N'ingabire Imana iguha. Ni kubw'ubuntu bw'Imana. Bisigura ko wahawe ingabire y'ubugingo budashira utigeze ukorera kandi utari ukwiriye.
2. Ntushobora kwigumiza mugakiza mugukora ibikorwa vyiza. Ntiwikijije kubw ibikorwa vyiza kandi ntushobora kwigumiza mugakiza mugukora ibikorwa vyiza. Wakijijwe n'ubuntu kandi uzogumizwa mugakiza n'ubuntu.

Yesu yavuze, "Ababaye intama zanje bumva ijwi ryanje nanje ndabazi nabo barankurikira kandi nanje mbaha ubugingo budashira, nta ho bazokwigera bapfa rubi gushitsa ibihe bidashira, kandi ntawushobora kubanshikura mukuboko kwanje.

Data yabampaye ni we aruta bese ; ntawushobora kubashikura mukobo kwa Data." Yohana 10 :27-29

N'Imana igukiza kandi n'Imana ishobora kukuzigamira mugakiza. Wewe ntushobora kwikiza kandi ntushobora kwigumiza mugakiza.

1 Petero 1 :3 "Imana y'Umwami wacu Yesu Kristo, ari yo se, iragahezagirwa, yatuvyaye ubwakabiri nk'ukw'imbabazi zayo nyinshi ziri, kugira tugire ivyizigiro bizima, ituvyaza ukuzuka mubapfuye kwa yesu Kristo".

04- Ngo tuze twegukire umwandu utazobora, utanduye, udakabirana, mwabikiwe mw'ijuru.

05- Mwebwe abazigamwa n'ubushobozi bg'Imana kubg'ukwizera, muzigamirwa agakiza kateguwe kuzohishurwa mugihe c'iherezo."

Kandundura n'uku kuri : Dukizwa n'ubuntu hamwe n'ubushobozi bg'Imana kandi tugumizwa mugakiza n'ubuntu hamwe n'ubushobozi bg'Imana. Vyose biva ku Mana kuva mw'itanguriro gushika kw'iherezo. Imana irakiza kandi n'Imana izigamira umuntu mugakiza. Ubwo n'ubuntu.

Urakijijwe ? Mbega urabizi neza yuko ukijijwe ? Nimba ufise uguekeranya, woshobora gusenga ubu nyene Ugaha ikaze Kristo mumutima wawe.

Woba ushaka guha ubugingo bwawe Kristo ?

Nimba ar'uko biri, Senga ubu nyene usabe Yesu Kristo aze mumutima no m'ubuzima bwawe. Aragukiza.

IGICE CA GATATU

IMANA IMEZE GUTE ?

INYIGISHO Z'IMANA

INTANGAMARARA

Idini ryaba Hindu rifise imana nyinshi. Basenga inka, inzuzi, urutare n'ibindi bigirwamana vyinshi. Iyo umuntu agiye mu mitumba yo m'Ubihindi nta rusengero na rumwe ruhari, hari ibigirwamana gusa vyo gusengwa vyakozwe n'amaboko y'abantu.

Idini ry'ababudiste ntibizera Imana. Bizera ko hari urukurikirane rw'intambwe indwi rushikana umuntu mukibanza citwa Nirvana. Mbega Nirvana n'iki ? N'ikibanza ah' ushobora gucika "ubusa". Igihe ucitse "ubusa" niho honyene ushobora kugira amahoro. Utabishoboye murubu bugingo, uzovuka kandi hama usubire ugerageze.

Aba Isilamu barizera ko hari Imana imwe ariko Imana yabo ntabwo ar' Imana dusanga muri Bibiliya. Imana yabo ni Allah. Mugihugu ca Saudiya ya None y'Abarabu, mummyaka ya Muhamadi, imyaka 750 inyuma ya Yesu Kristo, hariho isandugu yirabura niniya cane. Abantu bavuye mumpande zitandukanye zisi baharaza gutazira ibigirwamana vyari mur'iyoye sandugu.

Muhamadi yigisha ko har' Imana imwe rudende. Mugabo, mw'isandugu harimwo ikigirwamana car' imana y'ukwezi. Ico kigirwamana c'ukwezi citwa Allah.

Rero, igihe yatanguza idini rya Isilamu yafashe ico kigirwamana c'ukwezi acita Allah. Kuri buri musigiti wose kw'isi hejuru har' igishushanyo c'igice c'ukwezi.

Ibi vyose canke izindi mana vyakozwe n'umuntu. None, Imana yo muri Bibiliya n'iyihe ?

Turarabira hamwe uturanga dutanu tw'Imana yo muri Bibiliya.

I. HARI IMANA IMWE RUDENDE.

Isilamu yigisha ko abakristu bizera Imana zitatu. Ariko, bibiliya yo yigisha ko har' Imana imwe, ntabwo ari zitatu.

Ubwanje, jewe (umwanditsi w'iki gitabu) sindahura n'umukristu yizera Imana zitatu. Abakristo koko barizera Ubutatu. Imana nimwe igizwe n'ubutatu : Data, Mwana, Mpwemu Yera.

Ibi twoshobora kubitahura ? Haba namba ! Ubwenge bw'umuntu ntibuzokwigera butahura ibikwiye kumenywa ku Mana. Nimba twobishora Imana yacu yoba yabayeye ntoyane cane.

Igihe kimwe jewe(Umwanditsi) nari mugihugu ca Cuba. Cuba n'igihugu c'abakomuniste b'abahakanyi. Abana barigishwa mumashure yose yuko ata Mana ibaho.

Uko abo bahakanyi babona ibintu, n'uko bo bavuga ko Imana itaremye isi. Isi yakomotse mw'iturika ry'amajuru. Yabayeho kubw'isanganya, nta ntumbero canke umugambi uwariwo wose wabiteye.

Bizera ko umuntu yakomotse mubikoko. Ivyo nivyo abana bose bigishwa mubihugu vyose vy'abakomuniste.

Igihe kimwe twari kurugendo mumuduga murico gihugu twarahagaze kugira dushiremwo igitoro. Narahuye n'umuntu hama ndamubaza ko yizera Imana. Arambwira ko atizera ko Imana ibaho.

Hari mw'ijoro kandi hari ukwezi. Ndamusaba kuraba kw'ijuru hama ndamubwira gurtya :

“Buri gitondo izuba riraseruka kandi izuba riri kure cane y'isi kugira ntiriduturire buri musi”.

“Buri joro ukwezi kuraseruka kandi kuri kure cane y'isi kugira ngo biturinde ntidutwagwe buri joro igihe imipfunda y'ibiyaga yoza ikadusurirako”.

Naramusiguriye ko Isi yose yaremwe murutonde rutunganye. Turazunguruka iruhande y'izuba. Mbere n'imibiri yacu nayo yakozwe muburyo butunganye kugirango ingingo zacu zose zikore murutonde.

Urutonde rw'amajuru n'urw'imibiri yacu rutubwira ko hategerezwa kuba hari Umuremyi.

Mbega vyoba vyoroshe kwizera ko nk'igihe umuntu afashe igisasu c'ibombe akagiturukiriza m'ububiko bw'ibitabo, hama munyuma y'iturika yacagisasu yosanga impapuro zasubiriye aho zari murutonde rutunganye ? Ivyo ntivyoshoboka.

Kwizera ko ivyaremwe vyose vyakomotse mw'iturika rinini hama bica bibaho kubw'isanganya vyosaba ukwizera kwinshi kuruta kwizera ko hariho Imana.

Umurongo wa mbere muri Bibiliya uvuga : “ubga mbere na mbere Imana”.... (Itanguriro 1 :1)

Bibiliya ntiyigera igerageza kwemeza ko hariho Imana. Ahubwo ivuga nk'ikiriho ko Imana ibaho. N'ikiriho.

Itanguriro 1 :1 havuga : “ubga mbere na mbere Imana yaremwe ijuru n'isi”.

Imana yashize mumuntu ubwenge busanzwe n'ugutahura ko Ibaho kandi ari Yo Muremyi.

Abaroma 1 :19-“kukw ivyo umuntu yomenya vy'Imana vyerekanwa muri bo, Imana ariyo yabiberetse”.

20-“kukw ibitaboneka vyayo, nivyo bushobozi bgayo budashira n’ubumana bgayo, bibonwa neza uhereye kukuremwa kw’isi, bimenyekanishwa nivyo yaremye, kugira ntibagire ico bireguza”.

21-“kuko bamenye Imana ntibayubahe nk’Imana, ntibayishime, ariko bacitse abiyumvira ivyubusa, imitima yabo y’imburabwenge icura umwiza”

22-“biyise abanyabwenge bacika ibipfu”

23-“icubahiro c’Imana idapfa baragikaba ngo basenge ibishushanyo bisa n’umuntu apfa, n’ivy’ibiguruka n’ivy’ibigenza amaguru ane n’ivy’ibikwega inda hasi”.

24-“ni co catumye Imana ibaheba ngo bakore ibiteye isoni, bumvire ivy’imitima yabo yipfuza, bonone imibiri yabo”

25-“kuk’ukuri kw’Imana bagukavye ibinyoma, bagasenga bagakorera icaremwe, bakakirutisha iyakiremye, ni yo ikwiye gushimwa ibihe bidashira : Amen”.

II. IMANA N’UMUNTU

Umuntu ariyumvamwo, arabona, arumva, arakunda, aravuga. N’imana irakora ibi bintu vyose.

Itanguriro igice ca mbere tuhabona inkuru y’iremwa. Imana yaravuze hama isi irabaho.

1 :3 hama Imana iravuga : “iti ni habeh’umuco ! umuco ubaho ”. Aha turabona ko Imana ivuga.

Tubandanije muriki gice 1 nyene c’itanguriro turabona Bibiliya ivuga, “ Imana ivuga, Imana ivuga, Imana ivuga”....

Turashobora mbere no kubona neza ko Imana yavuganye na Adamu na Eva mw’itongo rya Edeni. Imana yavuganye na Mose hamwe n’abavugishwa bose.

Imana n’umuntu ishobora kuvuga kandi ikiyumvamwo nk’abandi bantu bose.

Igihe Imana yacika umuntu kugira ize kubana natwe, yavutse kw’isugi, Mariya. Izina ryayo ryari Yesu.

Yarashobora kwumva ishavu, umubabaro, urukundo. Yaravuga, yarumva, yarakorako kandi akumva imibibaro. Igihe yabambwa kumusaraba yaraboroze n’ijwi rirenga ku Mana, ati : “ Data baharire kuko batazi ico bakora”.

III. IMANA N'IMPWEMU

Yohana 4 :24 haravuga : “Imana n’Impwemu kandi abayisenga bakwiye kuyisenga mu mpwemu no mu kuri”.

Mw’itanguriro 1 :26, Imana ivuga : “tureme umuntu mw’ishusho ryacu” ase natwe : aganze amafi yo mukiyaga, n’ibiguruka mukirere, n’ibitungano, n’isi yose, n’ivyikwega vyose, bigenda bikwega inda hasi.

Mbega ivyo bisigura iki ?

Ntabwo bisigura ishusho y’umubiri. Iriko ivuga ishusho muburyo bw’impwemu. Igizwe n’impwemu, umushaha, ubugombe hamwe n’agatimamuntu vy’umuntu.

Nk’akakarorero, umuntu yahawe n’Imana ububasha bwo gufata ingingo. Umuntu arashobora gukoresha ubugombe bwiwe. Ibi biri mw’ishusho y’Imana.

Intambwe yokwica umuntu ntihagire ico iviyumvirako kubera atagatimamuntu ifise. Umuntu ntashobora kwica ntiyiyumvemwo canke ntamenye ko yakoze ikibi.

Umuntu arafise agatimamuntu. Iki nico bisigura kuremwa mw’ishusho y’Imana.

Imana ntifise umubiri nk’uwumuntu. N’Impwemu. Nico gituma ishobora kuba ahariho hose igihe icarico cose, icarimwe. Imana si nk’umuntu ngo ibe mukibanza kimwe umwanya umwe.

IV. IMANA IRERA

Ntacaha canke ukutagororoka kuri mu Mana.

Muri yesaya 6 :3 Abamalayika bar’ imbere yintebe y’inganji baririmba :
Uwera, Uwera, Uwera, Uhoraho nyene Ingabo,
Isi yose yuzuye icubahiro ciwe”.

Yesaya yegereye Intebe y’inganji hama arapfukama araturika avuga ngo : “ mbonye ibara, ndapfuye ; kuko nd’umunyaminwa yanduye ; kukw amaso yanje abonye umwami, Uhoraho nyen’ingabo.”

Ivyahishuriwe Yohana 4 :

Abamalayika bama baririmba umurango n’ijoro ubudasiba :

Umurongo wa 8- “Uwera, Uwera, Uwera, niwe Mwami Imana, ashobora vyose yamyeho, kand’ariho, kand’agire aze”.

Umurongo wa 11-“Mwami wacu, Mana yacu, birakubereye guhabwa uguhimbazwa n’icubahiro n’ububasha, kukw ari wewe waremye vyose ; icatumye bibaho kand’ icatumye biremwa, n’uko wabigomvye”.

V. IMANA N’URUKUNDO

Har’ idini rimwe kw’isi uno musi rikaba ari idini ry’“urwanko”. kwanka abatizera nivyo vyigishwa buri ndwi yose munzu zabo zo gutaziriramwo. Kuki ? Kubera ko mumbonero zabo, Imana yanka abantu bose bitwa ko arabatizera. Twebwe batwita “abapagani”.

Imana yo muri Bibiliya n’Imana y’urukundo. Urukundo rwayo ntirugira nkuzi. Muyandi majambo n’ukuvuga ko ikunda bose atakirinze gusabwa. Ntakintu nakimwe wokora ngo gitume Imana ihagarika kugukunda.

Umuntu yokwanka Imana ariko Ikamwishura urukundo.

Umuntu yoshobora kuvuga ati, ‘sinizera Imana’. Imana ikamwishura urukundo.

Umuntu yoshobora kuba umu Pasitori. Imana izogukunda.

Umuntu yoshobora kuba umumaraya. Imana izogukunda.

Ntakintu nakimwe wokora ngo gitume Imana ihagarika kugukunda. NTACO.

Kuber’iki ? Kubera ko idafise urukundo gusa ahubwo ni RUKUNDO.

Amadini amwe arigisha ko Imana izogukunda gusa ‘iyo’ wigenjeje ukuraho. Iyo s’Imana yo muri Bibiliya.

Yohana 3 :16 havuga : “Kuk’urukundo Imana yakunze abari mw’isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w’ikinege, ng’umwizera wese nt’az’apfe rubi, arikw’ahabwe ubugingo budashira”.

Imana iripfuzwa kugiriranira imigenderanire nawe kugatwe kawe !

Amadini yose ariko agerageza gukora ivyiza canke kuba meza kugira anezereze Imana, kugira ngo umuntu apfuye ashobore kuja mw’ijuru. N’umuntu wenyene ariko aragerageza gukorera Imana n’ijuru.

Ubukristu bw’ukuri s’idini. Idini n’ibikorwa bikorwa kugira Umuntu aronke ukugira neza kw’Imana.

Ubukristu bw’ubukuri n’imigenderanire’... Imigenderanire hamwe n’Imana Muremyi y’ukuri iriho.

Yohana 17 :3 haravugaga ngo, ‘ubu nibwo bugingo budashira, ko bamenye wewe, Imana yonyene y’ukuri... Ijambo ‘kumenya’ rigereranywa n’ukugiriranira imigenderanire n’umuntu. Nimba uzi umuntu n’uko ufitanaye imigenderanire nawe.

Ahandiho, woba ubafiseko amakuru makeya. Imana ikeneye imigenderanire nawe guhera ano mango.

INDUNDURO

Uno musu, woshobora kumenya Imana. Woshobora kugirira imigenderanire nayo hamwe n'ubugingo budashira.

Mbega nigute bakira Kristo :

1. Kwihana : ibi bisigura guhindukiriza ubuzima bwawe kuri Kristo nk' Umwami n'Umukiza.
2. Ukwizera : bisigura ko wizera ko Kristo yapfuye kubw'ivyaha vyawe, yahambwe hama akazuka mubapfuye umusi ugira gatatu. Ariko, kuvyizera mumutwe wawe ntibihagije. Kuko na Satani aremera Kristo.

Ukwizera kwo muri Bibiliya n'igihe uhaye ubugingo bwawe Kristo nk'Umwami n'Umukiza.

Mukwizera, urashobora kwambaza Kristo aze mumutima wawe, aguharire ivyaha vyawe, ahindure ubugingo bwawe hama aguhe ubugingo budashira.

Abaroma 10 :13 havuga, "kuko umuntu wese azokwambaza izina ry'Uhoraho azokizwa". Igihe wambaje Umwami ngwaze mu mutima wawe, uramuhabwa.

Yohana 1 :12 havuga, "arikw abamwakiriye bese yabahaye ububasha bgo gucika abana b'Imana"...

Urashobora gukora ibi ubu nyene mugutumira Kristo mubuzima bwawe. "Uzomenya" rero Imana Muremyi y'ukuri kandi iriho.

Senga, Utumire Kristo mubuzima bwawe !

IGICE CA KANE

YESU NINDE ?

INYIGISHO ZA YESU KRISTO

INTANGAMARARA

Ikibazo nyamukuru kw isi ni : “ Yesu ni nde ” ?

Yoba Yesu Kristo yar’ Umuvugishwa gusa ?

Yoba Yesu Kristo yar’ umuvugishwa gusa w’Abisirayeli ?

Yoba Yesu Kristo yar’ umuntu mwiza gusa ?

Yoba Yesu Kristo yar’ umwigisha mwiza gusa w’inyifato yigisha ibiri bibi n’ibiri vyiza ?

Inyishu kuriki kibazo izogena aho umuntu azoba ibihe bidashira.

Hari amahitamwo ane gusa :

A. Yesu Kristo yoba yar’ umukehabwenge

Yesu yamamaza ko ari Imana. Nimba vy’ukuri yarizera kw ar’ Imana kandi vy’ukuri atari Imana rero yoba yar’ umukehabwenge.

B. Yesu Kristo yar’ umubeshi

Yesu yigisha ko ar’ Imana. Nimba vy’ukuri yarazi ko atar’ Imana rero yoba yarabaye umubeshi.

C. Yesu Kristo yar’ Imana yihinduye umuntu. Yar’Imana. Uyu niwe yamamaza kw’ ari. Yamamaza kw ar’Imana.

Nico gituma umuntu afise gufata ingingo. Yesu Kristo yari nde ?

Reka twige ibintu bitandatu vy’ukuri vyo muri Bibiliya bivuga uwo Yesu ari :

- I. YESU KRISTO YARI IMANA.
- II. YESU YARI UMUNTU.
- III. YESU KRISTO NTACAHA YARAFISE.
- IV. YESU KIRTSO N’UMWAMI N’UMUKIZA WACU.
- V. YESU KRISTO YARAZUTSE MUBAPFUYE.
- VI. YESU KRISTO AZOGARUKA KANDI.

I. YESU KRISTO YAR' IMANA

Ijambo ry' Imana ririmeza ko yar' Imana.

Yohana 1 :1 havuga : “ Ubwa mbere na mbere JAMBO yariho, kandi JAMBO yahoranye n'Imana, kand'uwo JAMBO yar'Imana”.

Ijambo “JAMBO” risigura iki ? Ririko rivuga iki ?

Icambere, menya neza ko “JAMBO” yamyeho kuva mw'itanguriro. Muyandi majambo, JAMBO yar' Imana. JAMBO yahozeho. JAMBO ntagira intango n'iherezo. N'UHORAHO.

Kubw'ivyo, IMANA yihinduye umuntu iza kubana natwe. Uyo ni YESU KRISTO.

Yohana aravuga kandi : “Twitegereza ubwiza bwiwe, n'ubwiza bumeze nk'ubw'Umwana w'ikinege ava kwa Se, yuzuye ubuntu n'ukuri”. (Umurongo wa 14)

Ivuka kw'isugi rya Yesu ritwereka ibintu bibiri ko Kristo yari Imana akaba n'umuntu. Ntamuntu asanzwe avuka kw'isugi.

II. YESU YARI UMUNTU

Muyandi majambo, Imana yahindutse umubiri. Yacitse umuntu.

Abantu bamwe bizera ko Mariya yibungeze hama aca arema iyo nkuru kugira yikize ibimaramare. Ariko, ntivyari gushoboka ko Yosefu uwo bari barasezeranye ko bazorongorana, kw'avyizera hama agakomeza akanamurongora.

Ubwa mbere ntiyamwizeye. Hanyuma, ategura kwitandukanya Nawe mumpisho, kandi yategura guhagarika ubukwe bwabo.

Matayo 1 :19 havuga, “ariko Yosefu umugabo wiwe, kukw 'ar'umugororotsi' kandi kukw atagomvye kumutetereza, yiyumvira kumubengera mumpisho”. (Baharurwa nk'abubakanye mugihe bari barasezeranye kwubakana).

“Azovyara umwana w'umuhungu, nawe uzumwite YESU, kukw ari we azokiza abantu biwe ivyaha vyabo”. “Matayo 1 :20-21”

Bibiliya iravuga ko Yesu Kristu yakuze nk'umuntu.

Luka 2 :40 haravuga, “kand'uno mwana arakura, agwiza inkomezi, yuzuzwa ubwenge, ubuntu bg 'Imana bgari kuri we”. Yesu kristo yavukiye i Betelehemu mumaja Epfo ya Isirayeli(Yudaya) ariko nk'umwana yakuriye mugisagara ca Nazareti(Isirayeli).

Umugabo wa nyina, Yosefu, yar' umubaji. Igihe yaratanguye gukura mummyaka (hafi y'imyaka 12 y'amavuka), Yosefu na Mariya bamutwaye i Yerusalemu ahari Ingoro.

Luka 2 :21 havuga, “kand’imisi umunani ishize ngw’akebge, bamwita Yesu, rya zina ryavuzwe n’umumarayika, atarasamwa inda”.

22- “imisi ishize yo guhumanurwa kwabo, nk’ukw’ivyagezwe vya Mosi biri, bamujana i Yerusalemu kumushikanira Umwami Imana”.

III. YESU NTACAHA YARAFISE

Nikubera iki Yesu yavutse kw’isugi ?

Igituma n’uko icaha cinjiye mumuntu. Abaroma 5 :12 haravuga, “None rero ko bimeze biryo, nk’ukw’icaha cazanywe mw’isi n’umuntu umwe, urupfu rukazanwa n’icaha, ni k’urupfu rushika kubantu bose kuko bose bakoze ivyaha.”

Yesu yavutse atacaha afise. Ntiyarafise se wo mw’isi. Icaha cinjiye mu mugabo, ntabwo ari mu mugore.

Kubw’ivyo, yesu ntiyigeze agambararira abavyeyi biwe.

Yesu ntiyigeze abesha.

Yesu ntakintu nakimwe yigeze yiba.

Yesu ntiyigera yibona.

Yesu ntiyigeze asambana.

Yesu ntiyigeze yipfuza.

Yesu ntiyigeze agira ishari.

Yesu ntiyigeze agira ishavu ry’ikibi.

Yesu ntiyigeze yuzura ukwirata.

Yesu ntiyigeze yikunda.

Yesu yarageragejwe na Satani gukora icaha ariko ntiyigeze agwa mu caha.

Yesu yar’ umugororotsi yuzuye.

Yesu yari atunganye.

Yesu yarera.

Yesu yar’ Imana mumubiri.

IV. YESU N’UMUKIZA

2 Ab’ i Korinto 5 :21 haravuga, “umwe atigeze kumenya icaha, Imana yamuhinduye icaha k’ ubwacu, kugira ngo muri we duhinduke ukugororoka kw’Imana”.

Ibi bisigura ko Yesu Kristo uwaratunganye kandi agororotse yapfuye kumusaraba kandi yasheshe amaraso yiwe. Igihe Yesu yapfa kumusaraba Imana yamushizeko ivyaha vyacu vyose.

Yesaya 53 :6, “Uhoraho amuremekaka ukugabitanya kwacu twese”

Data wo mw’ijuru yaremetse Yesu kristo ivyaha vyawe n’ivyaha vyanje. Yesu yarahunze kubw’ ivyaha wakoze. Yesu kristo yaraciriwe urubanza kubw’ ivyaha wakoze. Yesu yaratsinzwe n’urubanza kubw’ ivyaha wakoze.

Yohana 1 :29 haravuga, “bukeye bw’aho abona Yesu aza kuri we, aravuga, ati nguyu Umwagazi w’intama w’Imana ukurah’ icaha c’abari mw’isi”.

Yesu n’umukiza wacu !

V. YESU N’UMWAMI WACU !

Yesu ni n’Umwami wacu. Ibi bisigura ko Yesu Kristo ari Umwami. Yesu n’Uwutuganza. Yesu niwe adutunze. Yesu Kristo niwe agezura ibintu vyose.

Kuba Yesu ari Umwami w’ubuzima bwawe bisigura ko wamuhaye ukuganza ubuzima bwawe.

Kugira ngo umuntu akizwe, ategerezwa guha ubugingo bwiwe Kristo nk’Umwami kandi akamwizera nk’Umukiza wiwe.

Abaroma 10 :9 haravuga, “kuko niwaturisha akanwa kawe yuko Yesu ar’ Umwami, ukizera m’umutima yuko w’Imana yamuzuye imukuye mubapfuye, uzokizwa”.

VI. YESU YARAZUTSE MUBAPFUYE.

Bibiliya iremeza yuko inyuma yugupfa kwa Yesu k’umusaraba ariha kubw’ivyaha vyacu, arahambwe hama arazuka mubapfuye umusi ugira gatatu.

1 Ab’i Korinto 15 :3-4 havuga ngo, “kuko nabanje kubashikiriza ico nanje nahawe, yuko Kristo yapfiriye ivyaha vyacu, nk’ukw’ivyanditswe bivuga, agahambwa akazuka ku musi ugira gatatu, nk’ukw’ivyanditswe bivuga”.

INDUNDURO

Ikibazo n’iki : Yoba Yesu Kristo ar’ Umwami n’umukiza wawe ? Urashobora kwakira Kristo mubuzima bwawe uno musi.

Ubwambere, ihane ivyaha vyawe. Ivyo bisigura guhindukira uva mu vyaha vyawe ukareka Imana ikakurongora, igahindura ubuzima bwawe kandi ikakuganza.

Ubwakabiri, ukwizera muri Kristo. Ibi bisigura ko utizera gusa Kristo nico yakoze k’umusaraba apfira ivyaha vyawe ariko uha ubuzima bwawe Kristo.

Mukwizera urashobora gusenga, ugaha ikaze Kristo mubuzima bwawe ubu nyene, aze kuba Umwami n’Umukiza wawe.

IGICE CA GATANU

MPWEMU YERA NINDE ?

INYIGISHO ZA MPWEMU YERA.

Yohana 16 :7

“Ariko jewe ndababwira ukuri : ikizogira ico kibamarira nuko jewe ngenda ; kuko nintagenda Umwitsa ntazozza kuri mwebwe : ariko ninagenda nzomubarungikira”.

INTANGAMARARA

Iyumvire uko abigishwa bamereye bamaze kumenya ko Yesu Kristo yaragiye kubambwa. Baragendanye kandi barakoranye nawe imyaka itatu. Yari umurongozi wabo. Bahevyeye ivyabo vyose baramukurikira. Baramwisunga.

Bari baramwumvise yigisha. Bari baramubonye akora ibitangaza.

Yarazuye uwapfuye. Yigishije urukundo mugishingo c’urwanko. Yabigishije ukuri kwerekeye ubwami bw’Imana.

Ubu rero, yaragiye gupfa. Yaragiye kubasiga. Bari bababaye kandi atavyizigiro bafise.

Hama Yesu arabasezeranira. Iyo Yesu asezeranye arashitsa. Arashitsa Ijambo ryiwe.

Mbega yasezeranye iki ? Yasezeranye : “Ariko jewe ndababwira ukuri : ikizogira ico kibamarira nuko jewe ngenda ; kuko nintagenda Umwitsa ntazozza kuri mwebwe : ariko ninagenda nzomubarungikira”. Yohana 16 :7

Yesu yavuze ngo, “nanje nzosaba Data, na we azobaha uwundi Mwitsa, ngw az’abane namwe ibihe bidashira” (Yohana 14 :16).

Kubera ko Yesu yagiye hama akarungika Mpwemu Yera n’ingombwa ko abakurikira Kristo bamenya Mpwemu Yera uwariwe n’ivyakora.

I. MPWEMU YERA NI NDE ?

A. Mpwemu Yera n’Umuntu

Abantu bamwe bamufata nk’“ikintu”. Ariko ntitwigera tuvuga Yesu Kristo nk’ “ikintu”. “Ikintu” ntabwo ar’ umuvugwa.

Yesu kristo yavuze kuvyerekeye kubatiza abizera bashasha, “babatizwe mw’izina rya Data ni rya Mwana n’irya Mpwemu Yera”. Abo bese batatu n’abantu b’ Ubutatu.

Mpwemu Yera nawe arafise ivyiyumviro n’ukugomba. 1 Ab’i Korinto 12 :11 hatwigisha ko Aha uwizera wese ingabire ya Mpwemu “nk’uko abigomba”. N’abantu bonyene bafise ukwiyumvira n’ubugombe.

B. MPWEMU YERA N’IMANA

Tuzi ko Mpwemu Yera ari Imana kubera ko har’ uburanga bune bw’Ubumana bumwitirirwa ubwo ari Imana yonyene yoshobora kubugira.

C. MPWEMU YERA N’UHORAHO

Abaheburayo 9 :14 havuga ngo : Mbega amaraso ya Kristu uwo yitanze ku Mana atagira agasembwa, abitewe na Mpwemu ahoraho, ntazorushiriza guhumanura imitima yanyu ngo ibikorwa vy’impfagusa biyivemwo, kugira ngo mubone ingene mukorera Imana nzima ?

Kubera ko Imana ihoraho bisigura ko itagira itanguriro n’iherezo hama Mpwemu Yera nawe akaba ahoraho tumenya ko Mpwemu Yera ari Imana. Imana yonyene niyo ishobora guhoraho.

D. MPWEMU YERA ARI HOSE

Zaburi 139 :7-10 havuga :

07- “ Mbega Mpwemu wawe nomuhungira hehe ? canke nohungira munyonga hawe” ?

08- “Noduga nkaja mw’ijuru uriyo, nokwisasira i kuzimu eh’uriyo”.

09- “nokwabira amababa y’umutwenzi, nkagera kumpera y’ikiyaga” ;

10-“aho naho ukuboko kwawe kwohandongorera, ukuboko kwawe kw’iburyo kwohamfatira”.

Imana yonyene niyo ishobora kuba hose kuko Imana ari Impwemu.

Bibiliya iratwigisha ko Mpwemu Yera ari hose bisigura ko Mpwemu Yera ar’Imana.

E. MPWEMU YERA NI MUNYENKOMEZI

Luka 1 :35 havuga : “umumarayika aramwishura, ati Mpwemu Yera azokuzako, ubushobozi bg’Isumba vyose buzogutera igitutu : Nico gituma Uwera azovuka azokwitwa Umwana w’Imana”.

Imana yonyene niyo Munyenkomezi. Abatwara, abakuru b’Ibihugu, abatwaza igitugu n’abami bese bokwibwira ko ari bo banyenkomezi ariko umusi umwe bese bazopfa.

Bibiliya iravuga ko Mpwemu Yera ari Munyenkomezi bisigura ko ar’Imana.

F. MPWEMU YERA AZI VYOSE

Yohana 14 :26 havuga : “arik’ Umwitsa, ari we Mpwemu Yera, uwo Datya azorungika mw’izina ryanje, ni we azobigisha vyose, kand’azobibutsa ivyo Nababariye vyose”.

Mpwemu Yera azi vyose. Ibi bisigura kwazi ibintu vyose. Bibiliya yigisha ko Mpwemu Yera azi vyose bisigura ko Mpwemu Yera ar’ Imana.

Kubera ko Mpwemu Yera afise ubu buranga nk’ubw’Imana rero tumenye ko Mpwemu Yera ar’ Imana.

II. MPWEMU YERA N’ABAZIMIYE

Mpwemu yera niwe rufunguruzo mukuzana abazimiye kuri Kristo. Kenshi cane turihenda bikomeye mukwibaza ko dushobora guharira n’ukwemeza abantu tukabazana kwizera Kristo.

Woshobora gutsinda murukwo guharira, ariko ntuzokwigera uzana imitima y’abantu Mpwemu yera adakoze igikorwa ciwe mur’uwo muntu yazimiye. Mbega n’iki ico Mpwemu Yera akora ?

Mpwemu Yera arashinga intahe ko Yesu ari ukuri. Kenshi umwanditsi w’iki gitabu (Pasitori Toma) yarahuye n’abantu baharira ko Yesu yoba ar’Imana canke ko yapfuye kumusaraba canke ko yoba yarazutse.

Inyishu yanje yama ari imwe. Ndabatera intege gusenga Imana bayisaba ngo Ibereke ukuri. Kubera iki ? Kubera ko Mpwemu Yera wenyene ariwe wenyene ashobora guhishura ukuri kuvyerekeye Yesu Kristo.

Yohana 15 : 26-27 havuga : “arik’umwitsa aho azozira uwo nzobarungikira ava kuri data, niwe Mpwemu w’ukuri akomoka kuri Data, UWO NIWE AZONSHINGIRA INTAHE”.

A. MPWEMU YERA YEMEZA AB’ISI IVY’ICAHA, N’IVY’UKUGOROROKA, N’IVY’AMATEKA

Yohana 16 :8-11 havuga : “Uwo niyaza, azohinyuza ab’isi, abemeze ivy’icaha, n’ivy’ukugororoka, n’ivy’amateka”

09-“ivy’icaha, kuko batanyizeye”

10-“ivy’ukugororoka kuko nja kwa Data, kandi namwe mutazoba mukimbona”

11-“ivy’amateka, kuk’umwami w’iyi si yaciriwekw iteka”

Imbere yuko umuntu akizwa Mpwemu Yera amubwira ko akeneye Yesu Kristo kubw’ivyaha vyiwe, kugira Yesu Kristo amubere Umwami n’umukiza.

Amuhishurira kwakeneye guha ubugingo bwiwe Kristo. Iki nico gikorwa ca Mpwemu Yera. Niwe wenyene ashobora guhishurira uku kuri uwazimiye.

III. MPWEMU YERA N'UMUKRISTO

A. Mpwemu Yera abatiza uwizera wese muri we

1 Ab'i Korinto 12 :13 havuga : “kuko muri Mpwemu umwe, twese ari ho twabatirijwe ngo tube umubiri umwe, naho boba abayuda canke abagiriki, naho boba abagurano canke abidegemvya. kandi twese twanyweshejwe Mpwemu umwe”.

Uyu murongo uratwigisha k' uwizera wese abatizwa mumubiri wa Kristo. Ubatizwa na Mpwemu Yera urya mwanya nyene yinjiye mubuzima bwawe. Ibi bishika urya mwanya nyene ukijijwe.

Igihe ukijijwe ni Mpwemu Yera aza mumutima wawe akawugumamwo. Yesu Kristo aza mubuzima bwawe m'uburyo bwa Mpwemu Yera. Ibi muri Bibiliya vyitwa “Umubatizo wa Mpwemu Yera”.

B. Mpwemu Yera yemeza uwizera ubugingo budashira.

N'ivyibanze kandi birakenewe cane ko umukristo wese amenya neza ko afise ubugingo budashira. Atar'uko, ntamahoro yogira kandi ntiyoshobora kuba icabona ca Kristo nk'uko bibereye.

Satani yama agerageza gusambura abizera. Agerageza gusambura no kwica uwizera wese. Haraho abikora mugushira ukuzazanirwa muvuyumviro vy'umuntu kuvyerekeye agakiza kiwe. Iyo ukuzazanirwa kuje, ni Mpwemu Yera yoshobora kuguha ukunesha. Akoresha Ijambo ry'Imana.

Bibiliya irigisha muba Roma 8 :9 ko iyo umuntu atagira Mpwemu Yera ataba ari uwizera w'ukuri. Ibi bisigura ko umuntu yizeye aba afise Mpwemu Yera.

Abanyefeso 1 :13-14 “Muri we namwe mumaze kwumva Ijambo ry'ukuri, niryo butumwa bwiza bg'agakiza kanyu, mumaze no kumwizera, ni ho mwashizweko ikimenyetso, ni co MPWEMU YERA yasezeranywe. Niwe ngwati y'umwandu tuzohabwa, kugira ngo abo Imana yaronse ibacungure, ng'ubgiza bgayo bushimwe”.

2 Ab'i Korinto 1 :21-22 havuga : “Imana niyo idukomezanya namwe muri Kristo, kandi niyo yaturobanuje amavuta. Kandi niyo yadushizekw ikimenyetso, itugwatiriza Mpwemu wayo mu mitima yacu”.

C. Mpwemu Yera akomezeshya abakristo ubushobozi.

Ntibishoboka kubaho ubuzima rukristo. Ntatumwe yogera kurugero rwa Kristo. Ariko ni Mpwemu Yera abaha ububasha bwo kubaho ubuzima rukristo. Arabarongora. Akabayobora.

Abanyefeso 3 :16 havuga : “ngw’abahe nk’ukw’itunga ry’ubwiza bwiwe riri, kuremeshwa n’ubushobozi imbere mumitima mubihawe na Mpwemu Yera ”.

IV. UKWUZURA MURI MPWEMU YERA.

Urufunguruzo n’ukwuzura canke kurongorwa na Mpwemu Yera. Igihe ariwe ari kuburongozi, azokuyoborera munzira no m’ubugombe bw’Imana.

Abanyefeso 5 :18 havuga : “kandi ntikumaborerwe vino, irimw’ubuhumbu, ariko mwuzure Mpwemu”.

Igihe twuzuye Mpemu Yera ivyamwa vya Mpwemu Yera bizovuka muri twebwe. Ntushobora kwamira ivyamwa Imana. Imana niyo ivyamisha muri twebwe.

Ab’i Galatiya 5 :22-23 havuga : “arikiw ivyo Mpwemu yama n’urukundo, umunezero, amahoro, ukwihangana, kugira neza, ingeso nziza, kuba umwizigirwa, ubugwaneza, ukwirinda”

V. INGENE BUZURA MPWEMU YERA

Mpwemu Yera ari mubuzima bw’uwizera wese ariko ikibazo ni : yob’ ari we ari kuburongozi bw’ ubuzima bwawe ? Igihe ari we ari kuburongozi rero uruzuye Mpwemu Yera. Ibimeze biryo ntavyagezwe bibibuza.

Kenshi, abakristo bavuyitayeho barambaza ingene buzura Mpwemu Yera. Nihutira kubabwira yuko bibiliya atangingo ngenderwako iduha. Ariko, ndibwira neza ko ibintu bibiri ari nkenerwa nimba woba ugomba kwuzura :

A. Ubwa mbere, utegerezwa kwihana ukatura ivyaha vyawe vyose.

1 Yohana 1 :9 havuga : “nitwatura ivyaha vyacu, ni yo yo kwizigirwa kand’igororoka, ivyo nivyo bituma iduharira ivyaha vyacu, ikatwoza ukugabitanya kwose”.

Umwigeme Bertha Smith yari umusiyonari w’Imana, yakoreye Imana imyaka myinshi mugihugu c’Ubushinwa. Igihe cose numva nryohewe kandi mpinda agashitsi iyo ndamwumvise ariko aravuga.

Igihe yavugaga kubijanye n’“Ukwera kw’Imana” na “Mpwemu Yera”, yabwiye abantu bose bari mwishure ryiwe ngo batahe imuhira, bapfukame imbere y’Imana hama bayisabe ibahishurire icaha cose kiri mubuzima bwabu, kuva muri kahise kabo gushika uno musi.Hama, arabigisha uko bandika urutonde rw’ ivyaha.

Ukoze uku, Imana izokwibutsa ingene wafashe umuntu nabi, mbere no mu myaka ya kahise, umururazi, ishari, ukwirata, ivyiyumviro bibi, ubusambo,...

B. Mukwizera, saba Mpwemu Yera arongore ubuzima bwawe uno musi.

Ari mu buzima bwawe. Musabe akurongore. Kora ibi buri musi kandi umwemerere abe ariwe aganza. Igihe ariwe aganza, wuzura Mpwemu Yera.

Utegerezwa kwibaza iki kibazo : “ninde kuvyukuri aganje mubuzima bwanje ?”

Ukwumvira nico kintu cakabiri gisabwa kugira wuzure Mpwemu yera.

Igihe Kristo ari we ari kuntebe y’ubwami mubuzima bwawe niho honyene ushobora kubona ubushobozi n’umugisha vya Mpwemu Yera.

Yesu asaba ukwitanga kwawe kwose kuri we nk’ Umwami. Yaravuze, “ati umuntu niyagomba kunkurikira, niyianke, yikorere umusaraba wiwe uko bukeye, ankurikire”. Luka 9 :23

Billy Graham asobanura ukwumvira nk’ukwiyanka no kurondera hejuru ya vyose kwumvira Kristo nk’Umwami, no kuganzwa nawe muturere twose twubuzima bwacu. [1]

Mu yandi majambo, ushobora kumenya ko uri umuntu yuzuye Mpwemu Yera igihe uzoba warahevye ukwiganza hama ugashira Yesu Kristo mu buzima bwawe. Utegerezwa kumwerera akaganza nk’Umwami wawe. Iki n’igikogwa c’ubugombe bwawe. Urashobora guhitwamwo gushira ubugingo bwawe mu maboko ya Kristo.

Mw’ikete ryiwe yandikiye aba Roma, Paulo yahanuye abizera : “none rero icaha ntikikabe kungoma mumibiri yanyu izopfa, ngo mwumvire ivyo yipfuzwa. Kandi ntimugahe icaha imibiri yanyu ngo ikoreshwe no kugabitanya, ariko mwishikanire Imana nk’abazuke”. Roma 6 :12-13.

Ijambo «kwishikana » risigura kwihebera. Billy Graham yavuze ko bisigura kwigira ubwawe inyegu y’umuntu.

Ukwumvira, gukuramwo inzitizi zose z’ukwuzura Mpwemu Yera, n’ukwitanga kwose ataco witeze kuri Kristo. N’ukumubwira utiziganya uti, “ba Umwami wanje”.

Utegerezwa gufata ingingo. Mbega Uzoganza kandi urongore ubuzima bwawe, canke uzohitamwo kureka Mpwemu Yera abe ariwe akuganza ?

Birashoboka ko umugabo n’umugore boronka urupapuro rw’ubugeni, kandi bakaba umugore n’umugabo imbere y’amategeko, ariko ntibabe barasezeranye neza hagati yabo. Igihe bahagaze imbere y’arutari babwirana ivyipfuzo vyabo, botegerejwe kuba abanyakuri.

Impamvu vyari bibabaje ko nkura Impeta ya Sherry ku rutoke rwanje ni kubera yagereranywa n’isezerano rivuye mu mutima namugiriye.

Woshobora kuvuga uti yesu n'umwami wawe ; ariko, woshobora kubivuga uri mukuri ? Kuvyukuri yoba ari we aganje mubuzima bwawe ? Woba waramusezeraniye bivuye mumutima ? Woba warafashe ingingo yo kuba uwiwe wese?

Igihe umaze kwitanga wese kuri Kristo, ntukwiye kwihebura ; Mpwemu Yera azokwuzura. Uzohabwa ubushobozi bwiwe n'uburongozi bwiwe.

Gushikanira ubuzima bwawe Kristo n'ikintu ukora k'umwanya ku mwanya kandi ku musi ku musi.

Nubwo kuba umukristo bisigura yuko ufise Mpwemu Yera atimuka muri wewe, ntushobora kuvuga ko wamwuzuye hama ngo witege kubaho muntsinzi ari we wirongora. Buri musi, utegerezwa kumenyereza ubugombe bwawe uguhitamwo kumureka akakuganza. Igihe ukoze ivyo, uzobaho mu buntu bwiwe butagabanije.

Mpwemu Yera niryo banga rya mbere ryo kuba muni y'ukuganza bwa Kristo. Igihe buri musi wuzuye (uganjwe na) Mpwemu Yera uzobona ubabasha bwiwe.

INDUNDURO

Woba wipfuzaga kubaho ubuzima rukristo bw'intsinzi ? Ntibishoboka mugihe ugerageza n'inguvu zawe.

Urufunguruzo rw'ubukristo bw'intsinzi si ukugerageza n'inkomezi zawe gukora ivyiza, ahubwo n'ukwemerera Mpwemu Yera, uwusanzwe aba muri wewe (nimba warakijijwe), akagira ukuganza kwose mu buzima bwawe imisi yose.

Emerera Mpwemu Yera aganze mu buzima bwawe kandi agukoreremwo. Ni we aba muri wewe kandi akorera muri wewe canke biciye muri wewe.

Imisi yose, shikanira ubuima bwawe Mpwemu Yera aburongore kandi umwemerere abubemwo mugishingo caho wewe ushaka kubaho mukibanza c'Imana.

[1] Billy Graham, p. 140

[2] Billy Graham, p. 143

IGICE CA GATANDATU

ICAHA N'IKI ?

INYIGISHO Z'ICAHA

Murako kanya jewe (Pasitori Thomas ahejeje kwigisha) mpejeje kwigisha icigwa ku"caha co mwibanga" mw'ishengero y'i Washington D.C., umupfasoni yaraje kuri alutari hama abaza Pasitori mukuru ko yoshobora kubwira ishengero. Yari umurongozi w'igisata c'urwaruka n'umurongozi w'igisata c'umuzika c'ishengero.

Hama aca atangura avuga : "Ndafise icaha co nashaka kwatura muri kino gatondo".

Hama atangaza abantu benshi mukuvuga : " ndakora ivyaha vy'ubusambanyi n'umwe mubarongozi banje".

Yooooohhhhhh !!!!! Mbega ibombe ituritse !!!!!(Batangara)

Abarongozi bose bararabana bavugira rimwe, "si jewe"

Kubwanje, sinibaza ko ibi yarakwiye kubikemura mugikorane c'abantu. Ariko yarabikoze hama ibinyegezwa biragaragara. Uwo mugore, umuryango wiwe, uwo murongozi yagirizwa, ishengero ryose bategerejwe guca bakemura ico kibazo.

Ingingo ngenderwako hano nuko ukwatura kw'umuntu kwari gukwiye kuba kumugaragara kurugero icaha cagezako. Bisigura k' abantu bonyene bamenye ico caha nibo umuntu yarakeneye kwaturira agasaba imbabazi. Dawidi niwe atwigisha urutonde rw'ingene twonagura imigenderanire yacu n'Imana mugihe twaguye mu caha.

Icaha co mw'ibanga

Twese twavutse turi abanyavyaha. Kandi duhitamwo kutumvira Imana. Turi abanyavyaha kubwa kamere no kubw'uguhitamwo.

Igihe kristo aje mu mitima yacu, ivyaha vyacu biraharirwa. Ariko, birashoboka ko hoba hakiri ivyaha vyo mw'ibanga vyinyegeje mumitima yacu.

Mw'Isenzerano rya Kera, muri 2Samweli 11, hari inkuru y'umubabaro y'umuntu w'Imana, Umwami Dawidi. Yarazi Imana, yagira munzira zayo ; ariko yakoze ivyaha bibiri bikomeye.

Umusi umwe yaravye hanze ari hejuru kungoro yiwe, abona umugore mwiza, Batisheba.yariko yogera hejuru y'inzu yiwe. Aho yohindukiye, Dawidi akomeza araba ubwambure bwiwe. Ukwipfuzwa kwiwe kwamugejeje kucaha c'ubusambanyi.

Agoberewe n'amabango akorera Imana n'umwami wiwe, uriya aranka avuga at':" isandugu y'Imana n'abisirayeli, n'abayuda ko bararara mu nsago, kandi data buja Yowabu n'abantu

bawe, mugenzi, bakaba bashagaje mu gahinga ; none ngende iwanje nirire, ninywere, ndarane n’umugore wanje ? ndakurahiye eka niwe we ndahiro nyene, sinobikora”. 2 Samweli 11 :11.

Hama Dawidi aca atanga itegeko ko umugabo wa Betisheba ashirwa imbere ah urugamba rukaze. 2 Samweli 11 :27 havuga : “arikw’ivypo dawidi yakoze vyababaje Uhoraho”.

Ababajwe n’icaha ciwe n’inagaruka zaco, Dawidi araboroga yatura kandi yihana. Isengesho ryiwe riri muri zaburi 51 :1-17

“Ngirira ikigongwe Mana, kubw’Imbabazi zawe, kubg’isinzi ry’imbabazi zawe usibanganye ibicumuro vyanje.

Unyuhagire gose ukugabitana kwanje unyoze icaha canje.

Kuko nzi ibicumuro vyanje icaha canje cama imbere yanje na ntaryo.

Ni wewe, ni wewe ubwawe nacumuyeko, nakoze ikibi munyonga zawe : vyabaye gurtyo kugira uboneke kugorotse ni wavuga, kand’uboneke kuroranya niwaca urubanza.

Raba nabumbanywe ukugabitanya, mu vyaha niho mama yamvyariye.

Raba ugomba ukuri hirya mumutima, mubwigobeko bwabgo uzomenyesha ubwenge.

Unyezesho ezobu ndera : unyuhagire ndaba nderere kurusha uko shelegi yera.

Unyumvishe umunezero n’uguhimbarwa, kugira ngw’amagufa wavunye anezerwe.

Hisha inyonga zawe ivyaha vyanje, usibanganye ibigabitanyo vyanje vyose.

Mana undememw’umutima utunganye, unshigikirishe umutima uhamye.

Ntunte kure yo munyonga zawe, ntunkureko Mpwemu wawe Yera.

Unkomorereko umunezero w’agakiza kawe, unshigikirishe umutima ushize icira.

Ni ho nzokwigisha inzira yawe abacumura, abanyavyaha baguhindukirire.

Unkize umwenda w’amaraso y’umuntu, Mana, we mana yagakiza kanje, ni ho ururimi rwa nje ruzorenza ijwi rurimba ukugororoka kwawe.

Mwami teranura iminwa yanje, ni ho akanwa kanje kazokwamamaza ishimwe ryawe.

N’uk’ utanezererwa ibimazi, mba mbigushikaniye, ntuhimbarwa n’ibimazi vyoshejwe.

Ibimazi Imana ishikanirwa n’umutima umenetse, umutima ujanjaguwe, Mana, ntuzowukengera”.

Muriri Sengesho, urashobora kwigira ingene wogarukana ibirenge vyawe munzira z’Imana.

Dawidi yabaye uwejejwe imbere y’Imana. Yaremeye icaha ciwe kandi yemera n’ingaruka zaco zose. Igice cose c’iryo yatura kirahambaye. Kubona ikibazo ufise ntibihagije. NK’uko Dawidi yabikoze ni ngobwa ko usaba imbabazi.

Mugusaba imbabazi Dawidi yakoresheje amajambo atatu mukuvuga icaha ciwe. Raba amavuga yakoresheje igihe yariko arasaba imbabazi.

Igicumuro

Umwami yaravuze ko yakoze ibicumuro. Kumurongo wa mbere yaratakambiye Imana ngo : “usibanganye ibicumuro vyanje ”

Mugiheburayo, Pasha, risobanurwa ngo ibicumuro, risigura “ukutumvira n’ibigirankana”.

Icaha ca Dawidi nticari isanganya. Yarazi kwariko akora ibibi. Yarazi ivyagezwe vyabuza ubusamabanyi n’ubwicanyi. Yararenze akarengye n’ibigirankana hama ararenga amabwirizwa (amategeko) y’Imana. Ntambabazi yarafise.

Ugutakamba kwa Dawidi kwasaba Imana ngo isibanganye ibicumuro vyiwe. Irvuga “gusibanganya” risigura “kweza”. [1]

Iri niryo jambo nyene rikoresha mw itanguriro 7 : 22-23 igihe Bibiliya ivuga ko, uretse Nowa n’umuryango wiwe, Imana yaherengeteje buri muntu mumwuzure. Ivyaremwe vyose vyari hanze y’ubwato birapfa.

Umwami Dawidi yariko asaba Imana ngo imuharire kandi ngo yibagire ivyaha vyiwe. Yariko asaba ugukurwaho kwuzuye kw’iki caha mubuzima bwiwe. Ibi nivyongera bigaragara igihe wihanye ivyaha vyawe hama ukaza mukwizera kuri kristo.

Muri Yesaya 43 :25, Imana iravuga : “jewe, ni jewe nyene nsibanganya ibicumuro vyawe kubganje nyene, kand’ivyaha vyawe sinzovyibuka ukundi”. Icaha ca Dawidi cari nk’ideni ryanditswe mugitabo c’Imana. Cari gikeneye gusibanganywa. Aha yariko asaba Imana ngo ntiyagire aho vyandikwa mugitabo kugira ngo ntiyagire nowuzoshobora kubisoma. Yariko asaba Imana ko gisibanganywa kugira ntiyagire nakaraba kaco gasigara.

Ikigabitanyo

Ikigabitanyo niryo jambo rya kabiri ry’icaha iryo Dawidi yakoresheje mukwatura kwiwe. Iri riva mw’ijambo ry’ Igiheburayo **awon** risigura ubugunge.

Ibaze nk’umuntu igihome, ico abantu bose bo kumutumba wiwe bashima. Bakamubwira bati, “urumwubatsi mwiza ; uwambere muraka karere. Uruhome rwawe ruragorotse, n’irwo rwa mbere rugorotse kuruno mutumba”.

Hama umusi umwe umwigisha w’umwubatsi akaza kugendera uwo mutumba, akaraba rwa ruhome hama akavuga ati: “sinizera ko uru rugorotse”.

Mugihe umwubatsi w’umusangwa agihimbawe hamwe n’ababanyi biwe bo kumutumba wiwe bariko bararaba, ya Ngenzi ifata i nivo (igipimo bakoresha mukwubaka), ayishira kuri ca gihome. Igihe benshi bagitangaye, kuri ya nivo igorotse igihome kigaragara ko kidatumbereye.

Umwami Dawidi yamyeye ar'umuntu yuzuye ubwibone bg'ukugororoka. Kumbure yarashobora kwibwira ati: "situnganyeye, ariko nd'umuntu mwiza. Nja mw'isengero imisi yose kandi ngatanga ibimazi. Nd' umuvyeyi mwiza kandi umuntu w'umuntu akora imirimo w'umunyakuri. Nipimye nabandi, noronka amanota meza cane".

Umusi rero urashika aho Imana yazanyeye i nivo kubuzima bwa Dawidi. Arungika umuvugishwa wiwe Natani k'Umwami amushiriyeye inkuru y'akarenganyo gakomeye.

Aramubwira: "ati har'abantu babiri baba mu gisagara kimwe, umwe w'umutunzi uwundi w'umworo. kand'uwo mutunzi yarafise amasinzi y'intama n'inka. ariko nyamworo ntaco yarafise, atar' akagazi k'intama kamwe yaraguze, akakarera, kagakura kari kumwe na we n'abana biwe, kakama karyama mugikiriza ciwe, kakamumerera nk'umukobwa yivyariye. Bukeye haza umushitsi kwanyamutunzi, na we yanka gukora gukora muntama ziwe canke mu nka, ngw amuzimane uwo mushitsi amugendeye, arikw ahitana wa mwana w'intama w'anyamworo, ayibagura umushitsi wiwe". 2 samweli 12 :1-4

Maz' uburake bwa Dawidi buca buziringira uwo muntu; abarira Natani: "ati ndahiye uguhoraho kw'Uhoraho, uwakoze ivyo yarakwiye gupfa; non'az'amurihe uwo mwana w'intama kane, kuko yakoze ikintu nk'ico, akaba imburakigongwe". Umurongo wa 5 na 6

Aha niho vyagiye kugaragarira. Maze Natani abarira Dawidi: "at'ereg' uwo muntu ni wewe nyene. Uhoraho Imana y'Abisirayeli avuze, ati ni jewe nakwimikishije amavuta ng'ube umwami w'Abisirayeli, ndagukiza ngukura mumaboko ya Sauli; nkwinjiza ingoro ya sobuja, nguha n'abagore biwe ngi bagusegure, kandi nk'ugabira umuryango wa isirayeli n'uwayuda; kand'iyoye biba vyarabaye bike mba narakwogeye n'ibindi.

N'iki catumye ukengera Ijambo ryanje jewe Uhoraho? Ugakora ivyo mbona kw'ari bibi, ikicisha inkota Uriya umuheti, ugacura umugore wiwe ukamugira rwawe, na we Uriya ukwamwicisha inkota y'abamoni?"

Icaha ca Dawidi caragaragajwe. Yategerezwa kwibona nk'uwutsinzwe: uwurenga amategeko, uwavuye munzira z'imana n'ubugombe bwayo. Aremereye, aratakamba: "unyuhagire rwose ukugabitanya kwanje, unyoze icaha canje". (Zaburi 51 :2)

Aha bisobanuwe mw'ijambo "kwuhagira". Iri rivuga rigaragara incuro mirongo itanu n'imwe mw'Isezarano rya Kera. Bisigura "kweza".[2] Aha baba bafatiye k'ukuntu abantu canke Abaherezi baza Imbere y'Imana bambaye impuzu zejejeje mumisi mikuru y'idini.

Ibi nivyoye vyategetswe muri Kuvayo 19 :10-11: "Uhoraho abarira Mose, ati genda ku bantu, ubabwire biyeze uyu musi 'ejo, bamesure impuzu zabo, umusi ugira gatatu nzomanuka nze kur'uyu musozi Sinayi imbere y'abantu bose".

Kugira ngo baze imbere y'Imana bejejeje, abantu binika impuzu zabo mumazi akanye, bakazikubita kukibuye kinini kandi bakazikindirako kugezaho zica zikera. Dawidi yashaka kwishikanira Imana akeye nk'ukw'impuzu zica zimazwe kumeswa.

Icaha ciwe cari nk'umwanda mwinshi, warukenewe gukurwaho.

Akiri umusore, umutama w'ubwungere wa Dawidi kenshi wama wuzuye amaraso yavuye kugikomere c'umwagazi w'intama yacunguye mw'ishamba.

Wari wacafujwe n'ivyondo vyo mumwobo yakuyemwo intama y'inyererezi. Yari yarabonye ingene nyina wiwe yinitse umutamana wiwe ucafuye mu ruzi rukonje. Rero nyina yarakubita, akayinyukura kugeza aho yampuzu ica.

Aha rero umwami yariko arasaba Imana ngo imukorere ivyo Nyina yahora akorera impuzu ziwe zanduye. Yariko avuga : "ndandujwe n'ivyaha".

Icaha

Ijambo rya gatatu ry'igiheburayo Dawidi yakoresheje mukuvuga ivyo yakoze ni 'Hatah'. Muri zaburi 51 :3, risobanurwa ko ari icaha (" icaha canje cama imbere yanje"). Iki gisigura guhusha "intumbero".

Dawidi nk'umusore yari yarize gukoresha itopito. Nta nkeka iyo agerageje kurasa hama agahusha icatumbereye, umwe mubagenzi biwe yarashora kuvuga n'ijwi rirenze ngo : "raba ingene uhushije intumbeo kandi".

Yibuze yuko ari umuntu yagiriwe nicaha gikomeye, kumbure yaraboroze avuga ati : "yoooh Mana, wandemeye ibintu bihambaye cane kurusha ubusambanyi, akaborerwe n'ukwica. Vyagenze gute ngo Mpushe intumbero".

Nimba uruwokwihana icaha cawe, utegerezwa guhitamwo k'uvuga nka Dawidi uti : " icaha canje ni kibi cane. Natakaje intumbero".

Ntuba uratura vy'ukuri igihe utaragera ahantu wemanga ibikwagira. Utegerezwa kwemeranya n'Imana ko utsinzwe kandi ko atavyireguro ugira".

Muri Zaburi 51 :2 Dawidi akoresha irivuga "kwuhagira". Yatakambira Imana avuga : "unyuhagire rwose ukugabitanya kwanje".

Iri rivuga risigura "kwezwa canke kugirwa uwera". Mwisezerano Rishasha, iri jambo rifise icyumviro c'uko co kugirwa uwera canke uwutagira ikimwagira. [3] Dawidi yariko asaba Imana ngo imufate nk'umuntu yejejwe, atagira ikimwagira.

Icaha ca Dawidi cari nk'imibembe, yashaka ko yezwa. Mubihe vya kahise, umuntu yafashwe n'imibembe yaratabwa kure nk'uko ivyagezwe vyabivuga agashirwa kure y'abagenzi n'umuryango. ntiyashobora kuba iwe canke ngo agume murico gisagara. Iyo hagize uwuza amwegera yategerezwa guca avuga nijwi rirenza amugabisha ati : " ndanduye, ndanduye".

Ariko iyo umuntu amaze gukira iyi ngwara y'agacanutima, yaca aja kumuherezi hama akamupima, akaba ari we yemeza ko yakize (yejejwe). Dawidi yaringinga avuga : “Mwami, numva umengo muri jewe imibembe yanyandukiye. Ndarwajwe n'ivyaha vyanje, nyeza kandi unkize, ndasenze !”

Kwemanga icaha cawe ntivyigera vyorohe. Kenshi twama dusanga dufise uwundi muntu twobishirako. Adamu na na Eva batanguje umukino wo “gutanako amakosa canke gutumbana agatoke”. Kuva ico gihe, umuntu wese akomoka kukiremwa muntu aca acika umuhinga mukwibabarira ata amakosa kubandi.

Dawidi yari gushobora kugeragezwa no gushira amakosa kuri Batisheba. Ariko yaremanze gose ivyo yakozwe vyose. Yaroke ubwicanyi n'ubusambanyi. Yaratsinzwe n'urubanza. Yaravuye munzira y'Imana. Aha rero yariko ahangana n'icaha ciwe mukwatura no mukwihana.

Izaburi ya 51 :4 herekana ko Dawidi yemera ko icaha ciwe kitababaje abantu gusa ariko ko cababaje n'Imana.

Yaratahuye, aravuga : “ Ni wewe, ni wewe ubwawe nacumuyeko, nakoze ikibi munyonga zawe : vyabaye gurtyo kugira uboneke kugororotse ni wavuga, kand'uboneke kuroranya niwaca urubanza”

Mur'iyi nkuru y'Umwami Dawidi, umuntu yokwiga ko nimba Satani yarashoboye kugerageza umuntu w'imbaraga kandi w'Imana nk'uyu kugwa mucaha co mw'ibanga, yoshora kwosha canke gukwega uwariwe wese gukora ivyo.

[1] Benjamin davidson, umusesanguzi w'indome zo mugiriki Heburayo ni gi Shalideya. Grand Rapids, Mich. Zondervan. Publishing House, 1977.p.478

[2] Spiros Zodhiates. The Hebrew-greek key study Bible. Chattanooga, Tenn. : AMG Publishers, 1984, p.1 065.

[3] Kazinduzi y'Isezerano Risha mu Kigiriki n'Icongereza. United bible societies, 1971. P.246

[4] ndi n'umwenda kuri Muganga Cecile R.Taylor, Umurongozi w'igisata c'Idini rya kaminuza ya Ngendanwa, muri Alabama kuba yaranyigishije zino ngingo ngenderwako zo muri Zaburi 51 zivuga ivy'icaha kandi akampa n'ubushakashatsi bwiwe yagize kuri kino Cigwa.

IGICE C'INDWI

UMUSARABA WA KRISTO

INYIGISHO Z'UMWUZUZO

Ariko jehoh sinkirate ikindi, atar'umusaraba w'Umwami wacu Yesu Kristo, watumye isi imbera ikibambwe, nanje isi nkayibera ikibambwe. Ab'i Galatiya 6 :14

Intangamarara

Umusaraba wa Kristo niwo wari urufatiro rw'inyigisho z'intumwa Paulo. Yavuze ati : ati nirata umusaraba wa Kristo wonyene. Yari gushobora kwirata ibindi bintu vyinshi. Yari gushobora kwirata ibitangaza Kristo yakoze atamuntu numwe arigera akora. Yari gushobora kwirata ukuzuka kwa Yesu kuko atamuntu n'umwe arigera azuka nk'uko Yesu yazutse.

Oya, yaravuze ati : Nirata umusaraba wa Kristo. Kubera iki ? Umusaraba wari urufatiro rw'ubutumwa rwa Bibiliya yose.

Abantu ama miliyoni uno muni ntibatahura ivy'umusaraba wa Kristo.

Igihe nariko ndatembera mugihugu ca Nepale, jewe (Pasitori Toma, umwanditsi w'iki gitabo) narabajije umuntu, nti "Kubera iki Yesu yapfiriye ku musaraba"? Yambwiye ko "atanakimwe abiziko. Yambwiye ngo n'ibaza ko hari kubera imvo za politike".

Kubantu ama miliyoni umusaraba ni nk'ikimenyetso c'ivyizigiro. Turabona kenshi umusaraba umanitswe hejuru y'amadini. Abantu kenshi barambara imisaraba mwizosi. Abantu kenshi iyo basenga bahagaze baratarika amaboko bakamera nk'umusaraba.

Ariko kubandi bantu umusaraba s'ikimenyetso ciza. N'ikiza. N'igitutsi. Bibiliya iravuga ko umusaraba ari igitsitaza. Umusaraba wari igikoresho Abaroma bakoresha mukwica abicanyi.

Hari ikintu kimwe kizwi neza, Satani aranka umusaraba wa Kristo.

Yaremeje abantu besnhi yuko Yesu Kristo atapfiriye ku musaraba. Aba isilamu, nk' akarorero, barigisha kumugaragarako ko Yesu Kristo atapfiriye ku musaraba.

Ariko ukuri kwa kahise kuvuga ko Yesu Kristo w'i Nazareti yapfiriye ku musaraba.

N'IKI TWIGA MUVY'UMUSARABA ?

I. Ubwa mbere, umusaraba uratwerekako twese twacumuye.

Bibiliya iravuga : "bose baracumiye ntibashikira ubwiza bw'Imana". (Abaroma 3 :23)

Imana yaduhay ivyageze cumi :

1. Ntihagire izindi mana musenga

Umuntu yakoze ubundi bwoko bw'imana. Bibiliya iravuga ngo : ntimugashireho ibigirwamana. Ariko umuntu afise ibigirwamana. Abantu barasenga Mariya, nyina wa Yesu, impwemu, abasekuruza n'ibigirwamana vyakozwe n'amaboko, amahera n'ukumenyekana kw'umuntu.

Kandi turanishira hejuru y'Imana mugukora ivy'ubugombe bwacu mugishingo c'ubugombe bw'Imana. Ducika imana z'ubuzima bwacu.

2. Ntimugakore ikigirwamana c'igishushanyo na kimwe.
3. Ntimukavuge izina ry'Imana mu vy'ubusabusa.
4. Mwibuke umunsi w'i Sabato kandi mwame muwufata nk'uwera.
5. Wubahe so na nyoko.
6. Ntukice. Ariko Yesu we yavuze ko ufise ishavu mumutima wawe ko uba wamaze gukora ico caha.
7. Ntugasambane. Yesu yavuze ko ufise ukwipfuzwa mumitima wawe ko uba wamaze gukora iki caha.
8. Ntukibe.
9. Ntukabeshe
10. Ntukipfuzwe. Bisigura ngo ntukipfuzwe ivya mugenza we. Kuko ivyo vyogutera kwiba.

Rero ndababaze, ni nde ataracumura ?

Mbega ni ninde atararenga ku mabwirizwa y'Imana ?

Ni nde atunganye ?

Inyishu nuko bose bacumuye.

Ivyaha vyacu vyashizeho akarimbi hagati y'umuntu n'Imana Yera.

II. Ica kabiri, umusaraba utwereka urukundo rw'Imana

Naho urumunyavyaha Imana iragukunda !

Bibiliya iravuga ngo ngiyi ingero **IMWE** y'icaha. Urupfu biciye mukuvishwa amaraso.

Urupfu ruvuye mukuvishwa amaraso nico kiguzi c'icaha co nyene Imana yemera.

Abaheburayo 9 :22 haravuga : "hatavuye amaraso ntihaba guharirwa ivyaha".

Mw' Isezerano rya Kera hari inkuru ya Aburahamu, se w'ubwoko bw'Abayuda. Yafashe umuhungu wiwe Isaka ngo amutanga nk'ikimazi muntu c'icaha. Agiye kwica Isaka hama ngo asese amaraso yiwe, Imana iramubuza hama imuha umwagazi. Hama aca asesha amaraso wa mwagazi.

Munyuma, mw'isezerano rya kera nyene turasoma iyo nkuru y'abana ba isirayeli ari imbohe muri Egiputa. Imana irungika Mose muri Egiputa kubakiza ngo abakure mu bugurano ngo abazane mu gihugu c'isezerano.

Ariko, Umwami wa Egiputa ntiyemera ko bahava.

Imana irungika ivyago ngo agondozwe ariko aba intumva akomantaza umutima.

Hama, Imana irungika umumarayika w'urupfu kuri Egiputa hama yica abana b'imfura bose nk'igihano.

Imana yabwiye abana ba Isirayeli ngo bafate umwagazi mwiza, bawice hama bafate amaraso yawo bayasige kugishimariyango c'inzu zabo. Kugira ngo umumarayika "azarengana" inzu zose ziriko amaraso y'umwagazi. (Kuvayo 12 :23)

Munyuma, abana ba Isirayeli bamaze gusohoka Egiputa, bubaka ihema. Muriryo hema umuherezi mukuru yarinjira ahitwa Ahera ha hera rimwe mumwaka. Yarinjira Ahera ha Hera hama akica umwagazi hama agasesa amaraso yawo nk'ikiguzi c'ivyaha vy'abo bantu.

Amaraso yarasabwa kugira afulke ivyaha vyose vyabantu. (Abalewi 16 :21-22).

Muyandi majambo, mugishingo co kwica no gusesa amaraso y'umunyavyaha Imana yarempera uguseswa amaraso kw'igikoko.

Amaraso ya Yesu Kristo yasheshwe yari ayasubirira igikoko. Ikimazi c'igikoko ntichhindura umutima w'umuntu.

Amaraso yasheshwe y'igikoko yamara igihe gito. (Abaheburayo 9 :12).

Impamvu nuko amaraso y'umwagazi atigeze ahindura umutima w'umunyavyaha. Umuntu yaracumura hama agasesa amaraso y'umwagazi w'intama kugira arihire ivyaha vyawe. Gurtyo, ayo maraso y'umwagazi akariha ivyaha vyawe ariko ntahindure umutima wiwe.

Nico gituma Imana yihinduye Umuntu, izina ryawe ni Yesu.

Yohana umubatizi yavuze : "ehe raba Umwagazi w'Imana". Yesu yabaye ikimazi ca nyuma. Yabaye ikimazi muntu. Urupfu rwiwe ku musaraba rwari rubabaje, urupfu rwo kuvishwa amaraso kugira ngo arihe ivyaha vyo mw'isi.

1 Ab' i korinto 5 :7 havuga : "kuko umwagazi w'intama wa Pasika wacu watanzwe kw'ikimazi, ari we Kristo"

Matayo 20 :28 havuga ngo : "nk'uk' Umwana w'umuntu atazanywe nogukorerwa, atar'ugukorer abandi no gutanga ubugingo bwiwe kw'incungu ya benshi".

Incungu n'iki ?

Jewe, umwanditsi wiki gitabo, narabaye mugihugu ca kolombiya incuro nyinshi mvuga ubutumwa kandi n'igisha Ijambo ry'Imana. Umwe mubasobanuzi banje yarafise umuvukanyi yibwe n'abakomuniste bamutwara mumisozi.

Inzira yonyene yashoboka ngo bagarukane umuvukanyi wabo yar'uko umuryango wiwe wari gutanga ikiguzi c'incungu. Bamaze gutanga ca kiguzi musaza we yararekuwe agirwa uwidegemvya.

Yesu kristo yapfuye ku musaraba, asesha amaraso yiwe nk'incungu kubw'ivyaha vyacu. Cari Ikimazi c'amaraso y'umuntu.

Impamvu nuko "ikiguzi c'icaha ar'urupfu rwo kuvishwa amaraso ".Yesu yararishe ikiguzi mugishingo cawe.

Urwo ni rwo rukundo rw'ukuri. Imana iragukunda !

Bibiliya iravuga : " ntawufise urukundo rwinshi nk'uru , nko gutanga ubuzima bwiwe kubw'abandi "

Imana iragukunda.

Bibiliya iravuga : "arikiw Imana yatweretse urukundo rwayo idukunda, kuko Kristo yadupfiriye tukiri abanyavyaha". (Abaroma 5 :8).

Imana iragukunda.

Bibiliya iravuga : "yamara yacumitiwe ivyacu bigabitanyo, igihano kituronkesha amahoro cabaye kuri we, kandi imishishagu yiwe ni yo idukiza". Yesaya 53 :5

Imana iragukunda !

Abanyefeso 1 :7 haravuga : "muri we ni ho duherwa gucungurwa n'amaraso yiwe, ni kwo guharirwa ibicumuro vyacu, nk'ukw'itunga ry'ubuntu bwayo riri".

Imana iragukunda !

Bibiliya iravuga : "muzi yukw'ivyo mwacungujwe ngo muve mu ngeso zanyu z'imburakimazi mwatojwe n'abasogokuruza atar'ibishira, nk'ifeza canke izahabu, ariko mwacungujwe **AMARASO Y'IGICIRO KININI**, nk'ay'umwagazi w'intama utagira agasembwa cank'ibara, ni yo ya Kristo". (1 Petero 1 :18-19)

INDUNDURO

Harabaye umuntu muri Leta zunze Ubumwe z'America zina ryiwe ni Georges Wilson. Yakoze icaha gikomeme cane c'ukwica igihe yariko ariba mugisata c'amakete ca leta. Icaha ciwe cari gikomeme cane kuburyo yaragiye guhanishwa icaha c'urupfu.

Umukuru w'igihugu Lincoln yarihuse cane afata agapapuro yandika ngo :“ndababariye uyu muntu” hama arasinya.

Ariko, igihe gishize urubanza rwiwe ruragarurwa k'umukuru w'igihugu, Andrew Jackson. Andrew Jackson aramuharira.

Ariko ikintu gisiga ubwenge kiraba. George wilson aranka imbabazi.

Hama urubanza ruja muri gasamburamanza. Hama rucibwa gurtya : imbabazi ntizishobora kuba imbabazi mugihe uwuzihawe atazemeye.

Nuko, Leta ica irica George Wilson.

Imana yaraguhaye ikigongwe.

Igihe Yesu kristo yapfa kumusaraba yarishe n'amaraso yiwe ikiguzi c'ivyaha vyawe. Yari ikiguzi mu gishingo cawe hama aguha ikigongwe c'ivyaha vyawe agukiza na kuzimu.

Ariko, ni ngombwa ko wemera ikigongwe !

Yesu yapfuye kubw'ivyaha vyacu, arahambwa hama arazuka umusi ugira gatatu. (1 Ab'i Korinto 15 :1-4). Ni muzima kandi ashaka kuba mutima wawe. Yararishe n'amaraso yiwe ivyaha vyawe.

Bibiliya iravuga ngo : “arikw abamwakiriye bose yabahaye ububasha bwo gucika abana b'Imana”. (Yohana 1 :14)

Mbega ni gute wokwakira Kristo mubuzima bwawe :

- A. **Kwihana** : ivyo bisigura “guhindukira”. Kwemerera Imana ngo ize mubuzima bwawe aciye muri Mpwemu Yera hama ahindure ubugingo bwawe ! ntabubasha ufise bwo guhindukira uva muvyaha ariko utegerezwa kumwemerera akaza mu buzima bwawe hama aguhindure. Mbega uriteguriye guhindukiriza ubuzima bwawe kuri kristo hama umureke ab' Umwami, Imana, Uwuganza ubuzima bwawe ?
- B. **Ukwizera** : ibi birengeye kwemera Imana gusa. Bisigura gushikanira ubuzima bwawe Kristo nk'Umwami no kumwizera nk'umukiza wawe.

Nimba ukeneye ko ivyaha vyawe biharirwa hama ukakira Kristo, wosenga mukwizera usaba Kristo ngo aze mu buzima bwawe ubu nyene.

Bibiliya iravuga : “kuko umuntu wese azokwambaza izina ry'uhoraho azokizwa”. Abaroma 10 :13 .

Rero senga isengesho nk'iri : “Mwami, ndi umunyavyaha. Ndizera ko wapfuye kandi wazutse kubw'ivyaha vyanje. Ndagusavye uze mumutima wanje ubu nyene umbere umwami n'Umukiza”. Niwasenga iryo sengesho, cusenga irindi sengesho ushimira Imana ko yagukijije igukura muvyaha no Mukuzimu.

IGICE C'UMUNANI

N'IKI UGUTSINDANISHIRIZWA ?

INYIGISHO Z'UGUTSINDANISHIRIZWA

Ni co gituma twiyumvira yuko umuntu atsindanishiriza n'ukwizera, ibikorwa bibwirijwe n'ivyagezwe bitarinze kwiyumvirwa. Abaroma 3 :28

A. Amasengesho y'umwicanyi

Uwujejwe umutekano mugisagara cacu yansavye ngo ndamuherekeze inyuma yo kwitaba telefone yihuta. Hama turagenda n'umuduga mumwiza mugice co mumisozi muri Louisiana hama duhagarikwa n'ibiziga vy'abantu vyari bizibiye iryo barabara atanagakakaza. Umwe wese murabo bantu yari yarashwe mumutwe. Haraheze igihe kinini amaraso yabo agaragara aho bapfiriye. Vuba na bwango, hashigwaho umugwi w'amatohoza ufasha igipolisi.

Bari bambaye ibigwanisho vyaruturira kandi bakoresha n'imbwa ngo zibafashe gukurikirana akamoto ka wa mwicanyi, abo bantu bararondera ijoro ryose. Mugaturuturu baratora wamwicanyi yinyegeje mw'iraro. Hama atwarwa mungoro y'ibohero ya Clinton arindirireyo gucibwa urubanza.

Kubera ko nkiri mumwaka wa kabiri w'amashure y'isumbuye nakunda kwigisha buri muni w'Imana muriryo bohero. Urumva ko umusi w'Imana wakurikira nuyo mwicanyi yategerezwa kuba arimwo.

Murico gitondo, mbwira izo mbohe ko ataco bitwaye icaha cose boba barakoze, ko Imana izobibabarira bihanye hama bakizera Yesu Kristo nk'Umwami n'Umukiza wabo.

Hama ndahamagara abo bese bashaka guha ubuzima bwabo Kristo ngo baze hama bapfukame hasi imbere yanje. Bukebuke umugabo aza imbere avuye inyuma. Hama agwa kumavi yiwe imbere yanje hama atangura kurira. Mumarira yiwe, aravuga : “ ndasavye imbabazi ivyo nakoze, Imana izombabarira koko” ?

Ntangaye, menya ko ko uyo muntu yamenaguritse imbere yanje yari wamwicanyi yica babantu nasanga ibiziga vyabo mw'ibarabara mu misozi.

“Ego”, ndamwemeza. “Ntacaha na kimwe Imana idashobora kubabarira”. Uyo musu nariko ndabona umwicanyi yihana hama Kristo ngwamuharire kandi aze mumutima wiwe.

Mbega kwari ukwihana kw' ukuri ? Imana yonyene niyo ibizi. Ico nzi n'uko, nimba mugusenga kwiwe yari mukuri, Imana yaramukuyeko ivyaha vyawe hama ibishira kuri Kristo. Kristo kumusaraba yikoreye ivyaha vy'uwu mwicanyi.

Igihe Yesu yapfa kumusaraba, yarahaniwe ubwicanyi umuntu yakoze. Niwe yatsinzwe hama arahanwa kubwo kwica abo bantu. Ivyagirizo vyabo bafungwa vyashizwe kuri Yesu, naho yaragorotse atagira icaha.

Ng'ibi ivyashitse. Mumubiri wiwe, Yesu yarababajwe n'urubanza hamwe n'igihano cari gikwiriye uwo mwicanyi.

Mwibuke intangamarara y'iki gice hamwe n'inyigisho yo mu baroma 5 :1.

Rero igihe urya muntu yarira n'ijwi rirenga hama akakira Yesu nk'Umwami n'Umukiza wiwe, Imana yashize muri we ukugororoka kwayo.

Igihe urya mwicanyi azorenguka imbere y'Imana kumunsi w'amateka, ntizobona icaha c'ubwicanyi bwuyo muntu, canke icaha icarico cose. Ariko izobona ukororoka kwa Kristo mur'uyo muntu. Data azoraba mumutima wiwe hama abone Umwana wiwe, Yesu Krsto. Kubw'iyi mvo nyene, izomubwira iti, "kaze munzu yanje".

Bibiliya yita uru ruhererekane "ugutsindanishirizwa".

Ugutsindanishirizwa niryo jambo ry'amategeko rya Bibiliya risigura "gukizwa".

Muri Bibiliya Yaguwe, Abaroma 5 :1 havuga : "none rero, ko twatsindanishirijwe (twahujwe, twagizwe abagorotsi, hama twegeranywa n'Imana) no kwizera, (reka dufate icatumye) dufise (amahoro yo kwuzuzura mukugumya no kuryohererwa) amahoro ku Mana kubg'Umwami wacu Kristo (Mesiya, Uwasizwe) ".

Igihe watsindanishirijwe, urubanza hamwe n'igihano c'icaha cawe gikurwaho, hama ugahabwa ukugororoka kwa Kristo.

Muyandi majambo, iyo Imana Data iravye mumutima wawe, mugishingo c'ububi bw'ivyaha vyawe, ibona ukugororoka k' Umwana wayo.

Ugutsindanishirizwa n'ijambo ry'amategeko rivuga icabaye igihe wakira Kristo nk'Umwami n'Umukiza wawe bwite. (Yohana 1 :12).

Igihe watsindanishirijwe, ukwo wafatwa imbere y'amategeko birahinduka imbere y'Imana.

Uwurerwa ahagarara muri Sentare akarindira ko abacamanza bavuga urubanza rwiwe. Umucamanza mukuru ahagurutse akavuga ngo " arera", uwo muntu aho nyene aba acitse uwutagira ikimwagira kubirego vyose vyari bimuraba. Aca asohoka muri sentare ari uwidegemvya. Aba yatsindanishirijwe.

Kuba uwatsindanishirijwe imbere y'Imana bisigura ibirenze kwitwa "ko wera". Bisigura ko wagizwe umugorotsi. Imana ishira ukugororoka kwa Yesu Kristo mumutima wawe.

Ab'I Galatiya 3 :6 muri Bibiliya yaguwe havuga, "Aburhamu yizeye, yishinga, yisunga Imana, abiharurwako nk'ukugororoka.(hisunzwe ubugombe , iviyumviro n'ibikorwa vy'Imana)".

Aburahamu yizeye Imana, hama igikorwa ciwe c'ukwizera gishirwa mububiko bwiwe hama giharurwa nk'ukugororoka.

Ibi ntibisigura ko yarakwiriye agashimwe. Ako koba aragakiza kazanywe n'ibikorwa vyawe. Ahubwo mubisanzwe, ahubwo yisunze Imana wese hama yemera inzira y'agakiza k'Imana.

Mu Baroma 4 :6 na 8, Bibiliya iravuga ngo : “ nk'uko Dawidi na we yavuze ubuhirwe bg' umuntu uwo Imana iharura nk'uwugorotse, atari kubg'ibikorwa,..... hahirwa umuntu Uhoraho atazoharurako icaha”.

Umurongo wa 22-25, haravuga : “Nico catumye bimuharurwako nk'ukugororoka. Ariko ntivyandikiwe we wenyene yuko vyamuharuwako nk'ukugororoka ariko no kubgacu bizoduharurwako nka kwo, kuko twizeye iyazuye Yesu Umwami wacu imukuye mubapfuye, yatangiye ibicumuro vyacu, akazurwa kugira ngo dutsindanishirizwe”.

Amajambo, “vyamuharuwako” ntiyandikiwe Aburahamu wenyene. Ariko yandikiwe na twebwe abizera Data, yazuye Yesu mu bapfuye. Kubera ukwizera Yesu Kristu, bizoduharurwako ukugororoka kwiwe.

Urashobora kwiraba hama ukibaza uti “mbega ivyo vyoshoboka gute? Ndayizi ubwanje yuko kubwa kamere no kubw'uguhitamwo, nd'umunyavyaha. Sinkwiriye gutsindanishirizwa”.

Kugira utahure igitangaza co gutsindashirizwa utegerezwa, mukwizera, kwemera uku kuri. Ko Yesu yabayeho atacaha afise. Yaratunganye. Ariko, yapfuye urupfu nk'ugwinkoziyikibi nk'uko umengo yar'umunyavyaha. Kubera iki ? Kubera, igihe c'urupfu rwiwe, Imana Data yamushize kuri Yesu ivyaha vyacu vyose. Yishizeko imitwaro yose y'urubanza rwawe nanje. Yagiye kumusaraba atacaha ana kimwe afise, kugira ngo agucungure mu gihano n'ubushobozi bw'icaha. Yapfuye kubwawe.

Mu Baroma 5 :19, Paulo yanditse uku kuri : “ kandi nk'uko kutumvira Imana kw'umuntu umwe kwatumye benshi bacika abanyavyaha, ni ko kuyumira kw'umwe kuzotuma benshi bacika abagororotsi.”

Muri 1 Ab'i Korinto 1 :30, dusoma : “niyo Ibaha kuba muri Yesu Kristo, yaduhindukiye ubwenge buva ku Mana, n'ukugororoka n'ukwezwa, n'ugucungurwa”.

Ntimutahure nabi insiguro y'ibi. Ugutsindanishirizwa ntikubagira abagororotsi, ariko mwagizwe abagororotsi kubw'ukugororoka kwa Kristo aba muri mwebwe nk'ingabire by'ubuntu iva ku Mana.

Abaroma 3 :24 haravuga ko : “batsindanishirizwa n'ubuntu bwayo ibibahereye ubusa, kubgo gucungurwa kubonerwa muri Kristo Yesu”.

Nurabe neza ko uriko uratahura neza ibiriko biravugwa hano. Ugutsindanishirizwa n'ingabire iva ku Mana.itangwa k'ubuntu, ukugira neza kw'Imana umuntu atarabereye. Munsiguro

y'amajambo ingabire yose yama ariy'ubuntu. S'impembo. Ingabire y'ubuntu niryahabwa umuntu ataruko gusa atayikoreye ariko kandi atarayibereye.

Igihe wakiriye Yesu mubuzima bwawe hari ibintu bibiri biba. Ica mbere, ivyaha vyawe birakuvako bigashirwa kuri Yesu Kristo. Ica Kabiri, Ukugororoka kwa Kristo kwinjira mumutima wawe. Uguhanahana kuraba. Yesu aguha ukugororoka nawe ukamuha ivyaha vyawe. Mbega ukuntu uku ar' ughanahana kwigitangaza : ivyaha vyacu bikaguzwa ukugororoka kwiwe!!

INCAMAKE

Kuba uwatsindanishirijwe bisigura ibi bikurikira :

1. Uratsindanishirizwa aho nyene. Igihe Kristo yinjiye mumutima wawe, uba utsindashirijwe.
2. Kuba uwutsindashirijwe bisigura ko ugizwe "uwera" kucaha icarico cose wakoze kandi nico uzokora muri kazoza.
3. Kuba uwutsindanishirijwe bisigura ko uhariwe n'Imana kuko Kristo yikoreye ivyaha vyawe (vya kahise, kubu na kazoza) avyishirako igihe yapfa kumusaraba kubw'ivyaha vyawe.
4. Kuba uwutsindanishirijwe bisigura yuko uhariwe ibihe bidashira.
5. Kuba uwutsindanishirijwe bisigura yuko Imana ishira mu mutima no mu buzima bwawe ukugororoka kwa Kristo.
6. Kuba uwutsindanishirijwe bisigura yuko igihe uzohagarara imbere y'Imana kumusi w'amateka, Imana izoraba mumushaha wawe ntihagire icaha na kimwe ibonamwo ariko izobona ukugororoka kwa Kristo.
7. Kuba uwutsindanishirijwe bisigura ko kubera rero ukugororoka kwa Kristo kuri muri wewe uzobaho ibihe bidashira mw'ijuru uri kumwe n'Imana ibihe vyose.

Muri 1 Yohana 5 :12-13, Bibiliya iravuga : "ufise Umwana wayo niwe afise ubugingo, udafise Umwana w'Imana ntafise ubwo bugingo. Ivyo ndabibandikiye mwebwe mwizeye izina ry'Umwana, kugira ngo mumenye yuko mufise ubugingo budashira".

Ibaze uti : "uti noba nzi ko mfise Umwana, noba naratsindanishirijwe ? ubuntu nibgo bwabakijije kubg'ukwizwera (Abanyefeso 2 : 8-9) ?"

Ibi numwicanyi arashobora kubimenya.

1. Kenneth S. Wuest, Abaroma mw'Isezerano rishasha mukigiriki, Wuest's Word studies for the English Reader, Wm B. Eerdmans Publishing, Grand Rapids, Michigan 1955, P.67

IGICE C'ICENDA

N'IKI UMWUZUZO N'UGUCUNGURWA ?

INYIGISHO Z'UMWUZUZO N'UGUCUNGURWA.

Batsindanishirizwa n'ubuntu bwayo ibibahereye ubusa, kubgo buchungurwa kubonerwa muri Kristo Yesu. Abaroma 3 : 24

Hafi abantu ibihumbi bibiri bari bakoraniye mugisagara citwa Plaza co muri Neponcema, i Minas Gerais, muri Brazil, kuraba ireresi (film) ya Yesu yakozwe n'ishirahamwe ryitwa Campus Crusade for Christ.

Muriryo joro, jewe (Pasitori Thomas Umwanditsi w'iki gitabo) naraberetse igice ca nyuma cyo reresi, ndabashushaniriza ukubambwa kwa Yesu, ndabaha ubutumwa bugufi kuvyerekeye umusaraba, hama ndabatumira guha ubuzima bwabo Yesu nk'Umwami n'Umukiza wabo.

Bose bari batwawe niyo reresi. Ntatumwe yashaka kuhava. Amaso yose yariko arakurikira ingene abasirikare b'abaroma bariko baratera imisumari mu biganza no mu birenge vya Yesu. Igihe imisumari yari itanguye gutobora ibirenge vyawe, abantu benshi muri iryo shengero baca batangura kurira. Abandi nabo mumaso yabo hari hijiriwe, nk'uko umengo barashobora kwumva imibabaro Yesu yariko arababazwa. Muriryo sinzi ryose ibigumbagumba vyari birenze.

Giturumbuka, umuntu umwe aca agenda ariruka agana umuduga wacu, ahari hashinzwe icuma kirungika amasanamu hamwe n'igitambara cabonekako ireresi. Imbere yuko hagira umuntu yiruka kumuhagarika, aca arasimba afata ca gitambara n'amaboko abiri. Arakinyiganyiza amaja imbere n'inyuma, hama aravuga n'ijwi ryo hejuru mu rurimi rw'igiportugali ngo : “ Mate me ! Mate me ! Mate me !”

Aya namajambo y'igiportugali asobanura ngo : “Nyica! Nyica ! Nyica !”

Ntiyashaka ko Yesu apfa. Yashaka gupfa mukibanza ciwe.

Uwo mugabo yabitahuye nabi. Yashaka gupfa mukibanza ca Kristo, ariko imyaka ibihumbi bibiri irahaze, Umwami wacu yarapfuye mukibanza c'uwo muntu n'icacu. Mukuja kumusaraba, Yesu yariko aravuga, “Nyica! Nyica ! Nyica !”

Icaha gikenera ko kirihwa igihano. Iki gihano n'urupfu. Kugira ivyaha vyacu biharirwe, umuntu ategerezwa gupfa. Ntitworeka kuriha igihano hama ngo tugira ivyizigiro.

Inkuru nziza y'Imana niyi : Yesu Kristo yapfuye mu gishingo cacu. Yararishe ikiguzi kubwacu.

Ntigwari urupfu rusanze. Ubutumwa bwiza, bupfunyapfunyirijwe muri 1 Ab'i Korinto 15 :3-4, yuko Kristo yapfiriye ivyaha vyacu, nk'ukwiviyanditswe bibivuga, agahambwa akazuka ku musi ugira gatatu, nk'ukw'ivyanditswe bibivuga".

Abantu baravuga : "mwise Yesu !"

Ariko ntabwo kari kakarwi kabi k'abarongozi b'abanyedini kari kariko kararongora ivyariko birabera kumusaraba. Imana Data niyo yemeye k'Umwana wayo, Yesu, apfa ngo arihe igihano c'ivyaha vyawe nanje. Intumbero y'ukuza kwa Kristo kwari ugupfa, kubw'ugucungurwa kwacu, niyo nzira yonyene yashoboka.

Yesu yapfuye kubg'ugushaka kwiwe. Yadukoreye ico tutari kwikorera. Yapfuye mukibanza cacu.

Ntiyadupfiriye gusa ariko ahubwo yaratuneshereje urupfu kandi ni muzima. Iki nico gituma ashobora kuvug ati : " Ni jewe Nzira, n'ukuri, n'ubugingo, ntawushika kwa Data ntamujanye".

Ivyabaye utegerezwa kubitahura kandi ukabishira mungiro mubuzima bwawe, kuko nirwo rufunguro nyamukuru mubuzima rukristo. Hambavu y'ibi, ntawoshoboye kuba umukristo kandi ngwanashobora kubaho ubuzima bw'intsinzi. Ku musaraba waracunguwe, kandi agakiza kawe karakingiwe.

Imana yakuguze amaraso ya Yesu Kristo. Ubu, nk'uwizera, ur'uwe. Urumwana wiwe kand'uri umwenegihugu mu Bwami bwiwe.

Hari amajambo atatu ya Bibiliya (kwuzuza, gucungurwa, no gutsindashirizwa) asigura neza ico urupfu rwa Kristo ku musaraba rwarangije kubwawe nanje kandi n'igituma Yesu Kristo ari we nzira yonyene.

UMWUZUZO

Ijisho ry'ingurube

Igihe, umugore wanje, Barbara na jewe twari i Hanoi, muri Vietnam, twaratemberereye i Hoteli yitwa Hanoi Hilton iyari agasho Vietnam yamaja ruguru yari yagiriye imbohe abasirikare b' abanyamerika mugihe c'intambara ya Vietnam.

Igihe cose uwutwara indege wo mumaja ruguru y' Amerika arashwe agakoroka yafatwa nk'umwansi. Ntakigongwe cahaba, nta mbabazi. Mubisanze, iyo mbohe yarasinzikazwa.

Kapitene Howard Rutledge yarashinze intahe y'ingene yasinzikajwe muri Hanoi Hilton. Yibuka umwe mubasirikare bo muri Vietnam yamaja ruguru uwo imbohe zise Ijisho ry'ingurube.

Jisho ry'ingurube yategetse Kapitene Howard Rutledge kwicara hasi muburyo bgo guhohoterwa. Amaguru yiwe yarayamatanya cane kuburyo ataba agishobora

kuyatandukanya. Hama uwo mwicanyi yarajejwe gusambisha aca afata ururato rwiwe ruremereye arushira kumavi y’umufungwa wiwe, amufyondera hasi.

Munyuma, abohera hamwe amaguru yiyo mbabare y’umunyamerika. Umugozi ukomeye cane niwo wakoreshejwe mukuboha ahari amaso y’ikirenge. Hanyuma, aca abohera ibikonjo vy’imbohe yiwe mumugongo. Hama umwe mubarinzi aca afata amuhonyora mumugongo aca akwega yamigozi iboshe ibikonjo vy’imbohe gushika aho ayo maboko ahakwa gucomoka ava murufatiro rwayo. Kapitene Howard Rutledge yavuze ko yumva ko uwo mugenzi ugomba guca amagufa y’ibikonjo vyawe. Umubabaro wari urenze cane kuburyo yasavye Imana ngo imwemerere atakaze ubwenge. [1]

Iki nico bisigura gufata nabi umwansi. Twoshora gushima Imana ko yoyo itameze nk’abantu. Igihe umwansi wayo aje kuriyo, baruzuzwa biciye muco Yesu yakozwe kumusaraba. Iyi niyo nkuru nziza yayo kubantu bose.

Muri 2 Ab’i Korinto 5 :15 Bibiliya iravuga :“n’uko rer’umuntu wese iyo ari muri Kristo Yesu, aba ar’icaremwe gisha ;ivyava kera biba bihise, vyose biba bicitse bishasha”.

UGUCUNGURWA

Amabango y’amarira

Igihe nariko nigisha mugihugu c’iburengerazuba ca Africa citwa Benin, narumvise inkuru itangaje. Mu kinjana ca cumi na gatanu harabayeho umugwi w’abantu bitwa aba Xwedah. Ubu bazwi kw’izina ry’ aba Quidah, ijamba ryo mugifaransa risigura ngo “imfashanyo”. Aba barabaho mugihugu ca Benin.

Umwami w’aba Xwedah, yitwa Kpasse, yubatse ingoro yiwe kunkengera z’uruzi kugira ngo azoshobore kubona abakozi biwe bo mumirima. Aha niho hasigaye hari igisagara gikuru ca Quidah. Igihe Abanyaburaya bambere baza muri Africa y’iburengerazuba, imirima y’Umwami Kpasse yabayeho ikibanza nyamukuru c’urudandazwa rwabo. Iki kibanzwe caranzwe n’amabi menshi.

Umupatiri wo muri Espagne, yitwa Bartholome Las Casas, yarihweje inkomezi z’ubwoko bw’abanyafrika. Yari yararuhijwe n’ukugerageza gukiza imvukira z’abanyamerika ibikorwa vy’agahahazo bakoresheya n’abakoloni b’abanyaburaya. Hama agira amahirwe arashobora kwemererwa kubasuburiza n’abakozi b’abanyafrika. Papa Nicolas wa Gatanu arasinye muri 1454 amasezerano yemeza urudandazwa rw’abantu. Ibi nivyonyo vyatanguye amabi yose y’ibinjana vyinshi muri Afrika.

Kuva icyo gihe, ama miliyoni menshi y’abanyafrika bamwe barishwe abandi batwagwa nk’inyangano gukora muri Amerika nshasha yaheruka kuvumburwa. Bakoresheya mubikorwa vy’uburimi muri Brazil, Leta z’unze ubumwe z’Amerika hamwe na Karayibe (caribbean).abami

babasangwa munyuma barabona ukuntu boshobora mururu rudandazwa gw'agahomerabunwa rwo kudandaza abagabo n'abagore. Kugira ngo bagure ubwami bwabo, bari bakeneye inkoho n'ibindi bigwanisho abanyaburaya babazanira. Kugira ngo bishoboke bagurisha kubazungu abo bagize imbohe mu ntambara bagiranira n'ibindi bihugu.

Mumwaka wa 1727, umwami yitwa Agadja afata ubutegetsu bwa Quidah. Aca ahagira ikibanza nyamukuru c'urudandazwa gw'abantu yagiranira n'abanyaburaya. Ubwa mbere, yaryorerewe kugurisha abansi yafashe kurugamba, ariko abaguzi biwe ntibahaga. Baguma bamusaba bandi bagurano benshi. Vuba, igisirikare gikomeye gitera imitumba, bafata abagabo, abagore, abahungu, n'abakobwa. Uwashaka kunana yaca yicwa.

Baboshwe n'iminyororo, aba bafashwe batwagwa i Quidah, ahasigaye hitwa Benin yamaj'epfo. Babatwara mwijoro gusa. Aha ntibashaka kwikinga izuba rikomeye ryo muri vyo bice ariko kandi kwari ukugira ngo nihagira uwushaka gubacika ntazomenye inzira imusubiza inyuma.

Baborozwa n'imibabaro n'ukwihebura, banyegezwa mw'ishamba kumuco wo ku murango. Kuva bafatwa ntagakiza canke imbabazi zigeze ziboneka. Benshi muri bo barapfuye mbere n'imbere yuko bashika i Quidah.

Bamaze kuhashika, abadandaza abagurano bakomoka muri Portugal, mubufaransa, mubwongereza, mubuhollande n'i Danemark baca babatwara muni y'igiti cari hagati muri ico gisagara. Kuva muri iri soko abagurano baca bamanukanwa ku nyanja aho ubwato bwari bubarindiririyeye ngo bubatware mumahanga.

Bari bemerewe guhagarikwa rimwe ahantu hitwa "Igiti c'ukugaruka". Bemererwa kuzunguruka incuro zitatu bizigiye k'umusi umwe impwemu zabo zizogaruka muri Afrika. Uyu niwo wari umugirwa wabo wanyuma imbere yuko baca mumuryango witwa "Umuryango w'ubutagisubira inyuma". [5]

Dufate nk'ubu umugurano yoba yatwawe muri Amerika hama akagurwa n'umuntu mwiza w'imbabazi. Uwo mutware akamubwira ati : "nakuguze amafaranga ariko ngiye kuguha ingabire y'ubuntu".

Umunyavyaha yazimiye ari mukibanza nkico nyene c'umugurano nari mpejeje kuvuga. Umuntu atagira Kristo, ntavyizigiro yogira. Igihe umuntu ahaye umugongo Imana hama agacika umugurano wicaha, aba yinjije m' "Umuryango w'ubutagisubira inyuma".

Ariko, igitangaza c'ibitangaza, Yesu yarishe ikiguzi kirengeye ibindi biguzi bibaho, ikiguzi c'amaraso yiwe, kugira ngo agure umugurano ! Kubw'iyi mpamvu, har'ivyizigiro ahatari ivyizigiro. Birashoboka ko umugurano agirwa uwidegemvya.

Iki nico bita ugucungurwa ; kugura umugurano atagira ivyizigiro, umuguze igiciro, hama kamuha ukwidegemvya.

“Gucungura” niryoye rindi jambo rivugaga ivyabaye igihe Kristo yapfuye kumusaraba. Nk’uko rikoresheye muri Bibiliya, bisigura “kubohoza incungu”.

Mw’isezerano rya Kera itegeko ryavugaga ko umuntu atunze inkanga iseka abantu, yategerezwe kuyizitirira. Mugihe ataboshe icyo nka yiwe hama ikagira umuntu yica, yaba icyonka canke nyeneyo baraterwa amabuye gushika bapfuye.

Ariko, itegeko ryaremera ko haba indishi kugira ngo ubuzima bw’uwo muntu bucungurwe, yategerwe kuriha icyo cose bamusaba. [6]

Imyaka myinshi iheze, Yobu aravugaga ati : “nzi yuko umucunguzi wanjye ariho”, Yobu 19 :25.

Mw’isezerano Rishasha, ijambo “gucungura” rikoresheye bafatiye kumasoko y’abagurano. Icyumviro cy’icyo umugurano yarekurwa aruko hatanzwe ikiguzi.

Yesu yaravuye : “kuko na none Umwana w’umuntu atazanywe no gukorerwa, atar’ugukorerwa abandi, no gutanga ubugingo bwiye kw’incungu ya benshi”. Mariko 10 :45

Paulo yakoresheje icyo jambo igihe yandikaga, “muri we niho duherwa gucungurwa n’amaraso yiwe, nk’uko guharirwa ibicumuro, nk’uko itungira ry’ubuntu byagayeho riri”. Abanyefeso 1 :7

Yariko avugaga ko tubohorwa mu bugurano bw’icaha hamwe n’ikimazi cy’urupfu rwa Kristo ku musaraba. Yesu yaducunguye amaraso yiwe.

Muri 1 Petero wa 1 : 18-19, Bibiliya ivugaga : “Muzi yuko icyo mwacunguwe ngo muve mungeso zanyu zimburakimazi mwatojwe n’abasogokuruza atar’ibishira nk’icye cank’izahabu, ariko mwacungujwe amaraso y’igiciro kinini, nk’uko umwagazi w’intama utagira agasembwa cank’ibara, ni icyo ya Kristo”.

Igihe uhera ubuzima bwawe Kristo, uzashobora gucumura rimwe na rimwe, ariko igihe Yesu yapfuye kumusaraba, yarariye ivyaha vyawe vyose, rimwe rizima kandi rihoraho. Kubw’icyo rero, urashobora kweza imbere y’Imana.

Fanney Crosby yanditse icyo ndirimbo ikomeye ivugaga k’ugucungurwa :

“Naracunguwe, ese ingene nryohereyerwa kubivugaga !

Naracungujwe n’amaraso y’umwagazi ;

Nacungujwe ubuntu butagira iherezo,

Umwana wayo, ibihe vyose ndi we”. [7]

- [1] Howard na Phylis Rutledge, *In Presence of my Enemies*. Old Tappan, New Jersey : Fleming and Revell, 1973, p.
- [2] William Barclay, *New Testament Words*, Philadelphia, Westminster Press, 1973, P. 25.
- [3] Kenneth S. Wuest, *Wuest's Studies from The New Testament Greek*. Grand Rapids : Wm. B. Eerdmans Publishing, 1953, p. 82
- [4] Archibald Thomas Robertson, *Word Pictures in The New Testament*, Vol. IV, Grand Rapids : Baker Book House, 1931, p.357
- [5] Martine de Souza, *Regard sur Ouidah, A Bit of History*, Ouidah, Benin, Africa, pp.35-39
- [6] Exodus 21 : 29-30
- [7] *Redeemed*, Fanney J. Crosby

IGICE CA CUMI

UKWIHANA N'IKI ?

INYIGISHO Z'UKWIHANA

Yeremiya 3 :1-4 na 4 :1-4

INTANGAMARARA

Muriki gihe ca none, aba pasitori benshi bigisha ubutumwa bw'ibinyoma. Bariko bahenda ama miliyoni menshi y'abantu, nk'ingaruka, bagaherera mukuzimu. Bigisha abantu ko bashobora kwemera Yesu nk'Umukiza wabo ariko atari nk'Umwami wabo". Baterera kure" ukwihana".

Iki n'igihushane c'ivyigishwa muri Bibiliya. Kwigisha gurtyo n'uguhakana kwuzuye ko umuntu akwiye kwihana.

Ijambo "kwihana" n'ijambo rya Bibiliya rikeneye kwitonderwa mukuryigisha. Turashobora kurikoresha mw'ishengero abizera bakaritahura neza ariko igihe turikoresheje hanze mw'isi abazimiye barashobora kutumva ikintu na kimwe muvuyo turiko turavuga.

Ukwihana n'ico gihimba nyamukuru c'agakiza. Ijambo kwihana mukigiriki ni "Metanoia".

"Meta" risigura "inyuma" hama "noia" risigura "gutahura".

Muyandi majambo, risigura "icyumviro kindi" canke " uguhindura ivyiyumviro". Yesu yarakoresheje iri Jambo mw'Isezerano Rishasha mukuvuga guhindura imibereho y'ubuzima bwawe bwa kera hama uguhindukirira Imana kubw'agakiza. (Mac Arthur).

Intumwa Paulo yavuze : " kand'ingene mwahindikiriye Imana, mugaheba ibigirwamana, ngo mukorere Imana nyakuri kandi nzima". (1 Ab'i Tesalonike 1 :9).

Ukwihana cari icigwa Yesu kristo yamizako. Kandi cari icigwa nyamukuru mw'Isezerano rya Kera. Reka twige ubutumwa bw'ukwihana bwo mugitabo ca Yeremiya.

I. UKWIHANA KW'IKINYOMA (kutarikwo) 3 :1-5

1 "mbega umuntu niyirukana umugore wiwe bakavana, akabirwa n'uwundi mugabo, mbega uwo mugabo wiwe yosubira kumugarukana ukundi ?"

"Mbega n'igihugu nyene nticoba cononekaye ? nawe wigize maraya ku buzure batari bake ; non'ugira ngo wongarukako ?". Ni jewe Uhoraho mbibajije.

Yeremiya yagereranya Yudaya n'umugore w'igihemu k'umugabo wiwe. Akamusiga akarongora uwundi. Ariko Yudaya yoyo yari mbi cane. Yudaya yari ifise abakunzi benshi, yarimeze nka maraya, ariko igashaka kugaruka k'Uhoraho itarinze kwihana.

2-“Unamurira amaso ku mpinga muruharabuga, witegereze : mbeg’ aho bataryamanye nawe ni hehe ? wabategeye ku mayira nk’uk’umwarabo ategera mu bugararwa ; wonesheje igihugu ubasambanyi bwawe n’ivyaha vyawe”.

Nk’ikigaragaza uguhemuka kwa Yudaya, umuntu wese yaraba kumusozi yabona ibikorwa vy’ibigirwamana. Ibigirwamana vyari hose ku mpinga muruharabuga. Ntahantu nahamwe igihugu kitononekaye.

Bari bafise igishika cinshi co gukora ibigirwamana kuburyo Yeremiya yabigereraniye na maraya yicara kumayira ategera abakunzi.

Urashobora kwiyumvira igitigiri c’ibigirwamana bari bafise uko kingana ko vyari hose ?

Umurongo wa 3- “ nico gitumye imvura ibuzwa, ntigwe no mugihe cobaye urushana ; yamara naho nyene wararitse uruhanga nka maraya, ntiwaruha ugira nudusoni ”.

Mw’ Isezerano rya Kera Imana yarahagarika imvura incuro nyinshi nk’insiguro y’igihano. Abarimi baronka imvura yo mugatasu gusa. Iyo iyo mvura itaguye nibiterwa vyaruma hama bigapfa. Ikiza kigatera mu gihugu.

Bakora ivyaha kumugaragaro kandi ntibibatere n’isoni.

Umurongo wa 4-5 :“mbe ntiwoca uhera ubu ukantakambira, uti muvyeyi wanjye, ni wewe wandongora mubuto bwanje ?uti mbega uzohorana uburake imisi yose ? uzobwamana gushitsa kw’iherezo ? mbega si wewe wavuze ibintu bibi, ugatak’ukabikora, ukigirira uko ugomba ?”

Aha rero turabona akarorero **K’UKWIHANA KW’IKINYOMA (kutarikwo)**.

Ubwoko bwa Yudaya ntibwari bufise umugambi wo guhindura ivyiyumviro vyabo.

Bahamagara Imana ngo “Data”, “mugenzi”. Bamuhamagara “Data”, “mugenzi” kumunwa gusa. Ariko bari babayeho nk’umugore w’igihemu canke nka maraya. Bashaka imbabazi atakwihana kw’ukuri kuhabaye.

Ibigirwamana vyabo n’ubusambanyi bwabo vyarononye isi. Ntamugambi bari bafise wo guheba ibigirwamana vyabo canke inzira zabo z’ivyaha. Naho bataye Imana bagumye biteze ko Imana izobabarira atakwihana kuhabaye. Bibaza ko ukugiraneza kw’Imana bisigura ko izoreza amaso ku vyaha vyabo n’ubukozi bw’ikibi bwabo.

Ishirwa mungiro : Uno musu, abantu benshi ntibizera ko “ingero y’icaha ari urupfu”Abaroma 6 :23. Benshi bizera ko kubera ko nyene Imana ari nziza itazobacira urubanza kubw’ivyaha vyabo.

Iciyumviro c'ijambo "gusubira inyuma" canditswe incuro indwi m'ugice ca gatatu. Yudaya cari igihugu "carongowe" n'Umwami (Uhoraho). Imana yagiraniye isezerano nayo Kumusozi Sinayi hamwe na Mose. Hama arahemuka hama yikura ku Mana. Imana iramwinginga ngo agaruke kuko ariwo muti wonyene wari uhari w'ugusubira inyuma kwiwe. Ariko, aranka.

Ariko ntiyanse gusa kugaruka ariko kandi yarigirishije ko yihanye. Yihanishishije umutwe ariko ku mutima atabigomba. Yarashaka Imana ariko atisunze ivyo Imana isaba. Yarashaka Imana ariko kandi yashaka kuguma ibigirwamana vyawe.

Ukwihana kw'ikinyoma nigihe umuntu aba abazi ko yacumuye kandi akanicutsa ko yacumuye ariko akaba adashaka kuva murico caha.

Ukwihana kw'ukuri gusigura guhindukira ukava mucaha. Ukwihana kw'ukuri gusigura "uguhinduka kw'ivyiyumviro" kuvyara "uguhinduka kwo mutima" kuvyara "uguhinduka kw'inyifato".

Ugusubira inyuma n'ukuva ku Mana bukebuke. Bahevyey urukundo rwabo rwa mbere ku Mana. Batangura kubaho kubwabo atari kubw Imana. Umute umwe wonyene n'ukwihana kw'ukuri si ukwihana kw'ikinyoma.

II. UKWIHANA KW'UKURI 4 :1-4

Umurongo wa 01-"namb'ugomba guhindukira ewe Isirayeli, ni jewe ukwiye guhindukirira. ni jewe Uhoraho mbivuze ; kandi niwakurah'ivyo ugomba vy'ubuyobe mu nyonga zanje, nawe ntuzokurwaho"

02-"kand'uzorahira uguhoraho kwanje Uhoraho mu vy'ukuri no mubiroranye no mubugororotsi, maz'amahanga azohezagiranira muri jewe, kandi ni jewe azokwirata".

Imana yarabonye ukwihana kw'uburyarya kwa Isirayeli. Imana yabonye ko bafise "ukwihana kw'ikinyoma".

Ariko, Imana yagumye ibingira kwihana.

Iyoba bari mukuri bari guheba ibigirwamana vyabo. Bari guca bagendera mukuri n'ukugororoka. Bari kurahira indahiro y'uko Imana ari Umuremyi w'isi n'ijuru kandi ko ari we bazokorera.

Yeremiya yakoresheje ibimenyetso bibiri kugira ngo abantu bashobore gutahura muburyo bworoshe ko bakeneye kwihana.

A. Ukwihana ni nko kumena Imiseke ! umurongo wa 03

"Uku ni k'Uhoraho abarira abagabo b'i Yudaya n'i Yerusaremu : ati ni mumene imishike yanyu mureke kubiba mumahwa".

Ntamurimi yoterera imbuto ziwe kw'isi idaciye imiseke hama ngo yitege umwimbu.

Imitima yacu itegerezwa kudwebera hama ikamenya icaha kiri mu buzima bwacu. Hama ikemerera Mpwemu Yera akatumenagurira ibwina nkuko umurimi amenagura isi kugira ngo ivyamwa bishobore kwamishwa n'Umwami mu buzima bwacu.

B. Ukwihana ni nk'ukubagwa kwa muganga ! umurongo wa 04

“Enda ni mukebwe, munyiyegurire jewe Uhoraho, mukureh'ukudakebwa kwo mumitima yanyu, mwebwe bagabo b'i Buyuda n'ababa i Yerusalemu ; ubushangashirwe bganje bwoye kurabagiza nk'umuriro bukarurumba ntihagire uwushobora kuzimya, kubg'ibibi mukora”.

Ukwihana n'inkukubagwa bagomba bagukebe.

Uyu wari umugirwa wategetswe n'Imana kubagabo bose b'ubwoko b' abayuda. Imana yagiraniye isezerano nabo. Yabasezeraniye kuba ubwoko bwayo muburyo bw'umwihariko hama ko bizotuma baba umuco kuyandi mahanga yose wo kugaruka ku Mana. Ariko barananirwa kugikorwa cabo. Hama basubira inyuma mubigirwamana vyakozwe n'amaboko y'abantu.

Aha Imana ntiyariko ibasaba ugukebwa kwo muburyo bwo mumubiri ariko yariko ibasaba ugukebwa kwo mu mutima. Umutima userukira ubuzima bwose bw'indani (ibwina) mu muntu. Usigura umushaha. Bisigura ivyiyumviro hamwe n'ubugombe bw'umuntu.

Yeremiya 31 : 33 haravuga, “arikw iri niryo sezerano nzosezerana n'umuryango w'Abisirayeli hanyuma yiyo misi, ni jewe Uhoraho mbivuze nzoshira ivyagezwe vyanje imbere muri bo, no mu mitima yabo niho nzovyandika ; nanje nzobabera Imana nabo bazoba abantu banje”.

Yeremiya 4 :14 haravuga : “ewe Yerusalemu niwuhagire umutima wawe ivyaha, kugira ng' ukizwe. Uzogeza ryari kwama usembereza ivyiyumviro vyawe bibi mu mutima ?”

III. INGARUKA Z'UKWIHANA KW'IKINYOMA 4 :5-18

Muvyashikiye Yudaya, yari kwicwa n'abanyebabuloni. Urubanza ruriko ruraza !

Umurongo wa 5 : “Musemerere ibuyudaya, Mwamamaze i Yerusaremu, muti : tabarisha inzamba mugihugu, musemereze ijwi riranga mti nimwegerane, duhungire mubisagara vyubakiwe inzitiro”.

Umurongo wa 06- :“mushinge ibendera aherekeye i Siyoni : muhung mwikize, ntimutebagane, kukw'ehe raba nzanye ivyago biturutse i buraruko, n'ukugeseza gukomeye”.

Iyi mirongo ibiri ivuga nk'imburi ko icago kizozwa. Iki cago kivugwa mumirongo 5-31.

Ivyago bizozanana iburaruko. Izamba yavugijwe kugira ibe nk'imburi. Ukugabisha kwahaye abantu umwanya wo guhungira i Yerusalemu ahri hakikujwe n'uruzitiro. Barashobora gukingirwa no kurwanirwa.

Hama umwansi yarakikuzwa Yerusalmu kugira ngo abuze abantu ntibahacike. Barahanywe n’Imana kuko banse kwihana.

Umurongo wa 18 : “ ingeso zawe n’ibikorwa vyawe bikuzaniye ibimeze biryo ; ivyo nivy nishu y’ububi bwawe ; ni koko n’ivy ; umubabaro, kandi bikora no kumutima wawe”.

Ishirwa mungiro :

Imana irahamagara abantu bose ngo bihane hama bayigarukeko.

Ukuri n’uko hariho urubanza ruriko ruraza. Yerehiya yabwiye bantu B’I yudaya ko urubanza ruriko ruraza kandi ko igihugu cabo kizonyarwa n’abanyamahanga b’i Babuloni.

Ntibumviye bakomeje gusenga izindi mana zakozwe n’amaboko y’abantu. Nico gituma Imana yabahanye irungika igisirikare c’abanyamahanga i Yerusalemu kirabica.

Kubera ko Imana yahanye ubwoko bwayo yitoranirije, Abayuda, ninaco gituma izohana abantu b’iki gihe bayitaye hama bakanka kwihana.

Urubanza ruzozwa kur’abo bose banse kwihana bakanka guha ikibanza Kristo nk’Umwami.

IV. IVYAMA VY’UKWIHANA KW’UKURI.

Ukwihana kw’ukuri kuzovyara agakiza n’ukubohoka. Yesu niwe Mwami n’Umukiza. Ntushobora kwemera Kristo nk’Umukiza nimba udashobora kumwemera nk’Umwami.

Wemeye Kristo nk’Umwami bisigura ko uba wemeye kwihana ivyaha vyawe. Ukwihana n’uguhindukira uva muvyaha vyawe.

Ariko, ntamuntu afise ububasha muri we canke ubwiwe kwikura muvyaha. Imana niyo iguhamagara. Imana niyo iguha kubw’ubuntu bwayo ubushobozi bwo kuyigarukako nk’Umwami, Imana, n’Uwuganza ubuzima bwawe.

Kristo yapfuye kubw’ivyaha vyawe. Yarahambwe. Yarazutse mubapfuye inyuma y’imisi itatu. Ubu ni muzima ashaka kuba mumutima wawe nk’Umwami n’Umukiza.

Ukuri n’uku : iyumvire ko mu mutima wawe hari intebe y’inganji. Igihe umuntu avutse, wenyene ubwiwe aba yicaye kuriyo ntebe. Aba uwikunda. Ashaka kwiganza wenyene kandi akabaho ubuzima bwawe uko abishaka.

Ukwihana bisigura kwikura kuri iyo ntebe y’inganji iri mumutima wawe hama ukemerera Kristo akaza akayicarako kandi akarongora ubuzima bwawe. Bisigura ko Yesu ari Umwami w’ubuzima bwawe.

Sitwebwe tugira Kristo Umwami. Asanzwe ari Umwami. N’Umwami, ariko dutegerezwa guhitamwo kumugira Umwami mubuzima bwacu. Iki nico nyamukuru mu kwihana.

Abaroma 10 : 9 haravuga : “kuko niwaturisha akanwa kawe ko Yesu ari Umwami (uku ni kwo kwihana), ukizera mumutima (ukwo n’ukwizera) yukw Imana yamuzuye imukuye mu bapfuye uzokizwa ”.

INDUNDURO

Mw’Isezerano rya Kera na Rishasha hose icigwa ngenderwako n’ukwihana. Kenshi Imana yahamagarira bose kwihana.

Kwihana kw’ukuri gusigura kwatura Ko Kristo ariwe Mana n’Umwami wawe wenyene.

Imana iremeza ukuganza kwa Kristo munzira zose. N’Umwami ku bintu vyose. (Ivyakozwe n’intumwa 10 :36). Yesu yitwa Umwami incuro 747 mw’Isezerano Rishasha. Igitabo c’Ivyakozwe n’intumwa rivuga Yesu nk’Umwami incuro 92 hama kikamuvuga nk’Umukiza incuro zibiri gusa.

Umutima wari munyigisho n’ubutumwa bw’Isezerano Rishasha wari ko “Kristo ari Umwami”.

Yeremiya yahamagariye ubwoko bwiwe kwihana... bakagaruka k’Uhoraho. Kumwishikanira! Ingaruka z’ukutihana zabaye urubanza.

Umuhamagararo wacu uno musu n’uwo nyene : kwihana... kugaruka k’Uhoraho. Kristo n’Imana !

N’Umwami ! Garuka kuri Kristo nk’umwami wawe azogukiza. Azokubohora !

IGICE CA CUMI NA RIMWE

N’IKI UKWIZERA N’UBUNTU ?

INYIGISHO Z’UKWIZERA N’UBUNTU.

Ubuntu nibwo bwabakijije kubw’ukwizera navyo nyene ntivyavuye kuri mwebwe, kugira ngo hoye kugira uwirarira”. Abanyefeso 2 :8-9

INTANGAMARARA

Muri leta zunze ubumwe za Amerika hariho isumo rinini ryamazi rigabura Amerika na Canada. Umuntu umwe yaboheye umuguzi imusozi awucako asunika inkorofani hejuru yuruzi Niagara rwiruka cane munsu yawo. Iyo yakoroka rwari urupfu rw’ikibiriraho.

Isinzi ry’abantu bariko bararorera. Amaze kujabuka urwo ruzi baramukomeye amashi baramushimagiza.

Hama araraba iryo sinzi hama arababaza ati : “murizera ko nobisubiramwo ?”. Iryo sinzi ryishurira rimwe bakoma induru ngo : “ego”.

Hama aravuga, “ati nimba mwizera ko nobisubiramwo ndashaka umuntu yoza ngaha muriyi nkorofani hama nkamusunika mukujabuka”.

Ntanumwe yitanze.

Aka niko karorero keza kerakana ukwizera kwo mumutwe atar’ ukwo mumutima wawe.

I. INSIGURO Y’UKWIZERA

Neza na neza, Ukwizera n’iki ? Isezerano rishasha ryanditswe mururimi rw’ikigiriki. Ijambo ry’ikigiriki rivuga ukwizera ni “pistis”. Pistis mukigiriki bisigura “kuba umwe n’Imana biciye muri Kristo”.

Abaheburayo 11 :1-3 hasobanura ukwizera gurtya : “ukwizera n’ukumenya rwose ivyizigirwa, udukeranya ngo ntibizoba, kand’ibitabonwa nikwo kubitumenyesha kw’ar’ivy’ukuri. Icatumye abakera bashingirwa intahe nuko bari bagufise. Ukwizera nikwo kumenyesha yuko isi yaremwe n’Ijambo ry’Imana, ni co catumye ibiboneka bitaremwe mubiseruka”.

Mw’Isezerano rya Kera abantu babayeho bafise ivyizigiro yuko Mesiya, Yesu, azoza umusi umwe. Baravyizeye n’umutima wabo wose, ivyiyumviro vyabo, hamwe n’imishaha wabo. Ukwo nikwo Kwizera. Nukwizera isezerano ry’Imana imbere yuko uribona ryashitse.

Iki n’igice kimwe c’ukwizera. Uramenya ko bizoshika kubera gusa wizera isezerano ry’Imana.

Turazi ko igihe dushize ivyizigiro vyacu muri Kristo ko yandika amazina yacu mugitabo c'ubugingo. Turizera Imana nico gitumza twizera ivyo ivuga.

Ukwizera mubisanzwe n'ukwizera Imana ukayifatira kw'ijambo ryayo no mugihe udashobora kubona kumugaragararo kwivyo bishika. Umenya ko bizoshika kuko Imana yabivuze uko.

Abizera bose uno musi barizera ukuza kwa Kabiri kwa Kristo. Ntanumwe muri twebwe arabibona kuko bitarigeraga bishika. Ariko turazi ko Kristo azogaruka kuko yavuze ko azogaruka.

Igihe Yesu yasubira kwa Data, abigishwa bose basigaye barangamije amaso mw'ijuru baraba. Umumarayika araseruka arababaza : "n'iki gitumye muhagaze muraba mw'ijuru ? uyo Yesu, abakuwemwo akaduzwa mw'ijuru, azoza artyo, nk'uko mumubonye aja mw'ijuru". (Ivyakozwe n'intumwa 1 :11)

Ntiturabona ukugaruka kwa kabiri kwa Yesu ariko turizera Imana n'Ijambo ryayo kugira ngo tumenye kumusi umwe bizoshika. Ukwo ni kwo kwizera.

UKWIZERA KW'UBWOKO BUBIRI

Hari ukwizera kw'ubwoko bubiri. Ivyo rero nivyo bicanganya bikazazanira abantu benshi.

A. Ukwizera kwo mumutwe

Uku n'ukwizera kw'ubwenge ubwo umuntu akoresha mukwizerera Imana na Kristo. Akizera ko Yesu yavyawe n'isugi, abaho ubuzima butagira icaha, akora ibitangaza, yapfiriye ku musaraba, yarazutse mu bapfuye kandi umusi umwe azogaruka.

Usanga ari umuntu azi neza kandi yemera inyigisho z'Imana ni za Yesu Kristo. Ariko, Bibiliya iravuga muri Yakobo 2 :19 iravuga : "wemera ko Imana ari imwe. Ugize neza ; abadayimoni nabo nyene baravyemera, bagahinda agashitsi."

B. Ukwizera kwo mu mutima.

Uku nikwo kwizera kw'ukuri. Uku ni kwo kwizera gukiza umuntu kumukura kwa Satani, mu caha no mu kuzimu.

Igihe umuntu afise ukwizera mumutima aremera mu mutwe ko Kristo ari Imana, Umwami n'Umukiza ariko kandi agaha ubuzima bwiwe Kristo. Agashikanira Ubuzima bwiwe Kristo !

Akarorero Keza k'ukwizera.

Raba intebe iri hafi yawe. baza umuntu, "uti urizera ko nicaye murirya ntebe iyo ntebe ishobora kugumiza hejuru (kumurera) umutumba wanjye ? Urizera ko iyo ntebe ikomeye bihagije kuburyo ishigikira ibiro vyanje n'umutumba wanjye ?"

Nibavuga bati "ego" cubabaza uti, "mbega ndafise ukwizera muriyi ntebe ?" uti aha ndiko ndavuga ko nizera ko iyo ntebe ishobora kundera. Rero, noba mfise ukwizera muriyi ntebe ?

Nimba inyishu ari “oya”, ntiharagera. Ngira ukwizera muri iyo ntebe igihe maze kuyicaramwo.

Muri aka karorero Yesu aserukira intebe. Ufise uguhitamwo. Urashobora kwicara imbere y’intebe hama ukavuga uti, ndizera ko ishobora kundera (kungumiza hejuru) ninamara kuyicaramwo. Ukwo n’ukwizera kwo mumutwe.

Canke urashobora kuyicaramwo hama ukareka iyo ntebe igaterura ibiro vyawe vyose. Ukwo n’ukwizera kwo mumutima.

Rero. Woshobora kwizera ko Yesu ar’Imana, yavyawe n’isugi, yabayeho ubuzima butagira icaha, yapfiriye kumusaraba kubwivyaha vyawe, yazutse mubapfuye kandi umusi umwe azogaruka kandi.

Ariko, na Satani n’abadayimoni baravyizera. N’igihe ufashe ingingo yo gushikanira ubugingo bwawe bwose Kristo niho uba ukijijwe.

II. INSIGURO Y’UBUNTU

Ubuntu n’iki ?

Ubuntu n’ingabire ya gusa utakoreye canke utari ubereye.

Umusi umwe umwanditsi yari ahatangirwa igitori (station) ariko aragishira mumodoka yiwe. Hama umugabo umwe aramwegera hama aravuga yuko akeneye igitoro gikeya co gutwara muhira. Ntiyigeze asaba cinshi.

Ariko, Imana imbwira mumutima ngo ndamwuzurize ikibido yari yazanye. Kumuha igitoro gikeya vyonyene ubwavyo vyari ubuntu. Kuko ntiyigeze abikorera. Ntiyari abibereye. Ariko, nuzuzwa ikibido yazanye. Yarakozweko cane, aranezerwa cane.yagiriwe ubuntu. Namuhaye ingabire ya gusa.

Iki nico Imana iduha. Imana yakoze igikorwa. Yaragiye kumusaraba. Isesa amaraso yayo. Ipfa urupfu rwo gusesa amaraso kugira irihe ivyaha vyacu. Yarazutse mubapfuye.

Yakoze ibikorwa vyose. Ubu yaduhaye ingabire k’ubuntu y’imbabazi n’agakiza.

Ubu n’ubuntu ariko dutegerezwa kwakira ingabire. Ntiyigera itegeka canke ifate k’unguvu umuntu n’umwe. Aratugabira ariko ni ngombwa ko tumwakira mumutima n’ubuzima bwacu.

Yohana 1 : 12 haravuga ngo : “arikw abamwakiriye bese yabahaye ububasha bwo gucika abana b’Imana”.

Ukwizera n’ugushikanira ubuzima bwawe Kristo. Uramwizera ariko kandi utegerezwa kumuha ubuzima bwawe. Ukwo nikwo kwizera.

Igihe uhayeho ubuzima bwawe Kristo rero arakubabarira ivyaha vyawe, agahinura ubuzima bwawe hama akandika izina ryawe mugitabo c'ubugingo. Ubwo nibwo buntu. Aguha ingabire utari ubereye.

“Ubuntu nibwo bwabakijije kubw'ukwizera, navyo nyene ntivyavuye kuri mwebwe, kugira ngo hoye kugira uwirarira”.

Mukwizera, urashobora gusenga ubu nyene hama ugatumira Kristo akaza mumutima wawe no mubuzima bwawe. Bikore ubu nyene.

IGICE CA CUMI NA KABIRI

UKUZA KWA KABIRI KWA KRISTO

INYIGISHO ZO KUZA KWA KABIRI KWA KRISTO

Matayo 25 :31

“Arik’Umwana w’umuntu ah’ azozira afise ubwiba bwiwe ari kumwe n’abamarayika biwe bose, ni ho azovyagira ku ntebe yiwe y’ubwiza”.

INTANGAMARARA

Muvyakozwe n’intumwe 01 turabona inkuru y’ukuri ya Yesu Kristo n’abigishwa biwe. Yesu yarabategetse kumirongo ya 4-5 :

“Arabihanikiriza ngo ntibave i Yerusalemu, at’ Ariko murorere isezerano ya Data, iryo mwanyumvanye. Kuko Yohana yabaturirisha amazi, ariko mweho, mu misi itari myinshi, muzobatzwa na Mpwemu Yera”.

Hama arabategeka gutwara ubutumwa bwiza mumahanga yose (7-8).

Umurongo wa 9 :“amaze kuvuga artyo, aduzwa babona, igicu kimukura mumaso yabo”. Ibase kuba uhagararanye na Yesu hama igicu kikabakikuzwa giturumbuka hama agaca agenda bamuraba. Abigishwa bari bahagaze bamurorera.

Ubwo nyene abagabo babiri bahagarara impande yabo baravugaga : “n’iki gitumye muhagaze muraba mw’ijuru? uyu Yesu abakuwemwo, akaduzwa mw’ijuru, azozira artyo, nk’uko mumubonye aja mw’ijuru”. Umurongo wa 11

Tukiriko turiga ukugaruka kwa kabiri kwa Yesu, dushaka kurabira hamwe ibibazo bine.

I. Mbega ukuza kwa kabiri kwa Yesu n’ukw’ukuri ?

Harabantu ama miliyoni uno musibanzira Yesu Kristo nk’Umwami n’Umukiza ndetse batanzira ko azogaruka kandi.

Ariko Bibiliya iravugaga kandi cane ko Yesu Kristo azogaruka kandi. Mw’isezerano Rishasha hari ahantu harenga 318 havugaga ukugaruka kwa kabiri kwa Yesu Kristo.

Hari ukuza kwa Kristo kubiri. Ukwambere kwabaye igihe yavuka kw’isugi, Mariya. Mukuza kwa Mbere kwiwe yaraje kubaho ubuzima butunganye kandi afire ivyaha vyacu. Ikiguzi conyene Imana yemera kubw’ivyaha rwari urupfu rw’amaraso, Yesu arasesa amaraso yiwe hama afire kumusaraba aba ikimazi c’umuntu kubw’ivyaha vyacu.

Abavugishwa mw'isezerano rya Kera baravugishijwe ukuza kwa mbere kwa Mesiya incuro nyinshi.

Hari amajambo menshi muri Bibiliya yerekana ukuza kwa kabiri kwa Kristo. Amwe muriyo ni :

- Umusi mukuru rurangiranwa w'Uhoraho- ivyakoze n'intumwa 2 :20
- Umusi w'Umwami wacu Yesu Kristo -1 Ab' i Korinto 1 :8
- Umusi w'Umwami Yesu -1 Ab' i Korinto 5 :5
- Umusi wa Kristo – Ab'i Filipi 1 :10
- Umusi w'Imana -II Petero 3 :12
- Kuri wa musi – Matayo 7 :22
- Umusi w'iherezo-Yohana 6 :39
- Guseruka kw'Umwami wacu Yesu Kristo – 1Timoteyo 6 :14
- Ukuza kwa Yesu –I Ab'i korinto 15 :23

Rero nk'uko bizwi neza ko Kristo yaje ubwambere niko azogaruka. Iryo n'isezerano ry'Imana ry'ukuri.

Yesu yavuze muri Matayo 26 :64, “ yamara ndababgira y'uko uhereye ubu muzobona Umwana w'umuntu yicaye i buryo bg'ububasha, aje mu bicu vyo kw'ijuru”.

II. YESU AZOGARUKA GUTE ?

Ukugaruka kwiwe kuzoba muburyo bugaragara !

Ijisho ryose rizomubona.buno nyene azomanuka ava mw'ijuru.

1 Ab'I Tes.4 :16 haravuga : “kuk' Umwami wacu ubgiwe azoza, amanutse avuye mw'ijuru, aranguruye ijwi rirenga, hamwe n'akamo kumumarayika mukuru, n'inzamba y'Imana”.

Yohana 5 :28 Haravuga : “abari mumva bose bazokwumvira ijwi ryiwe”.

Ivyahishuriwe Yohana: “Eh'arazanana n'ibicu, kand'ijisho ryose rizomwibonera, n'abamucumise bazomubona, kand'amoko yose azoborogeshwa na we”.

III. YESU AZOGARUKA RYARI ?

Ntanumwe azi igihe Yesu azogarukira. Ivyakozwe n'Intumwa 1 :7 havuga :“ati s'Ivyanyu kumenya imisi canke ibihe Data yashinze n'ububasha bwiwe wenyene”.

Azogaruka igihe atanutwe yiteze.

Ntanumwe abizi. Yesu yaravuze muri Matayo 24 :36 :“Ariko uwo musi canke iyo saha nta wubizi, n'iyi boba amabamarayika bo mw'ijuru, cank'Umwana w'Imana, atari Data gusa”.

Bibiliya irigisha kandi ko azoza “nk'igisuma” mw' ijoro. I Ab'i Tesalonika 5 :2

Harabantu benshi bagerageza kugereranya igihe c'ukuza kwa kabiri.

Yesu yaravuze umuherero w'isi muri Matayo 24 ariko kwatamuntu azi umwaka w'uyo musu. Ng'ibi ivyo yavuze :

4-“mwirinde ntihagire uwubahenda.

5-“Kuko benshi bazozaza mw'izina ryanje, bati “ni jewe Kristo”, kandi bazozimiza benshi.

6-muzokwumva intabara n'impuha z'intabara : mwirinde ntimuhagarike imitima ; KUKO bitazobura kubaho, arik'umuherero uzoba utaraza.

7-kukw ihanga rizotera irindi hanga, n'ubwami buzotera ubundi bwami, amapfa no kunyiganyiga kw'isi bizoba henshi.

8-Arikw ivyo vyose n'itanguriro ryo kuramukwa.”

Yesu abandanya avuga k'urudubi (ukwononekara) rw'isi yose, uguhamwa, hamwe n'ukuvugwa kw'ubutumwa bwiza kw'isi yose.

24- kuko hazokwaduka abigira Kristo n'abigira abavugishwa n'Imana, bagakora ibimenyetso bihambayee n'ibitangaza, kugira ngo bazimize n'abatoranijwe nivyashoboka.

Hama yesu aravuga Ijambo rikomeye :

29- “Hanyuma yayo marushwa y'ico gihe”

30- Aravuga : “buno ikimenyetso c'Umwana w'umuntu kizobonekera kw'ijuru, ni ho amoko yose yo mw'isi azoboroga, bazobona Umwana w'umuntu aje mu bicu vyo kw'ijuru ari n'ububasha n'ubwiza bwinshi.

31- azotuma abamarayika biwe n'ijwi riranga ry'inzamba, bakoranye abatoranijwe biwe, bave mubirere bine, guhera iy'ijuru ritangurira kugeza iyo riherera.”

Mariko 13 :32 haravuga : “ Ariko uwo musu canke iyo saha nta wubizi, n'iyi boba amabamarayika bo mw'ijuru, cank'Umwana w'Imana, atari Data gusa”.

IV. N'IBIKI BIZOSHIKA YESU NIYAGARUKA ?

Ntanumwe azi ryari ariko atagiteguza umusi umwe ijuru rizuguruka hama tuzobona Yesu.

1 Ab'i Tesalonika 4 :16-18, “kuk'Umwami wacu ubwiwe azozaza, amanutse avuye mw'ijuru, aranguruye ijwi riranga, hamwe n'akamo k'umumarayika mukuru, n'inzamba y'Imana, maze abapfiriye muri Kristo ni bo bazobanza kuzuka”.

Maze natwe abazoba bakiriho, dusigaye, tuzoca duteruranwa nabo mu bicu, dusanganire Umwami mukirere. Ni ho tuzokwama tubana n'Umwami”.

1. Azozanana n'ijwi rirenga.
2. Azozanana n'akamo k'umumarayika mukuru.
3. Azozanana n'inzamba y'Imana.
4. Niyaza abapfuye bazozuka ubwa mbere.
5. Abapfuye bamaze kuzuka bakava mumva abandi bizera bozoca bateruranwa nabo mu bicu, bazosanganira Umwami mu kirere. 1 Ab'i Tesalonika 4 :16-18.
6. Ni ho tuzokwama tubana n'Umwami.

A. Ubwami bw'Imana buzoba butunganye (gukwiye).

Ico gihe isi izokurwaho. 2Petero 3 :7 haravuga : “arikw'amajuru y'ubu bo n'isi, iryo jambo ryabibikiye kuzoshika, kugira ngo birindwe gushitsa kumusi w'amateka, wo gutikira kw'abatumvira Imana”.

B. Ukuneshwa kwa Satani kuzoba gukwiye.

Ivyahishuriwe Yohana 20 :10 haravuga :“kand'umugwanizi yabazimiza atererwa muri ca kiyaga caka umuriro n' amazuku, kirimwo na ca gikoko na wamuvugishwa w'ibinyoma, bazobabazwa ku murango no mw ijoro ibihe bitazoshira”.

INDUNDURO

Yesu ashobora kugaruka umusi uwariwo wose canke umwanya uwariwo wose w'igihe.

A. Kubizera !

Dukwiye kuba maso kandi tukaba abizigirwa. Yesu yaravuze,“ ni mube abizigirwa gushika murupfu nzobaha igitsibo c'ubugingo”.

Igisagara ca Pompeii kiri muri Italy. Haraheze imyaka myinshi ikirunga carasambutse hama amazi y'umuriro araseseka asambura igisagara kandi yica abantu bose bari bakirimwo.

Umurwi umwe w'abantu watoye amagufa y'umusirikare yari kw'izamu uyo musi. Yariko araba mugisagara hagati. Uyu musirikare yari kw'izamu ryiwe ariko akora akazi mubwizigirwa.

Amagufa y'uwundi musirikare yaratowe ariko we yariko arahunga. Wewe ntiyagumye ari umwizigirwa. (Ford p.113)

Mbe none we uri nde murabo babibiri ? Mbega woba uriko urahunga Imana ? mbega woba uri mubugombe bwayo kubuzima bwawe ? Woba uri umwizigirwa mumirimo yawe ukorera Imana ?

B. Kubazimiye !

Ikibazo ni, mbega woba witeguriye ukugaruka kw'Umwami ? Nimba utiteguye, uno musi urashobora guha ubuzima bwawe Kristo. Yapfuye kugira arihire ivyaha vyawe, arahambwe hama arazuka mubapfuye.

Mukwizera araza mubuzima bwawe, aguharire ivyaha vyawe kandi aguhe ubuzima bushasha n'ubugingo budashira.

Senga ubu nyene usabe Yesu aze mubuzima bwawe. Uba uwiteguriye ukuza kwa Kabiri kwa Yesu Kristo igihe Kristo ari mubuzima bwawe no mumutima wawe.

AMASOKO

Akins, Wade. *Be A 24.7 Christian*. Hannibal Books.

Barclay, William. *New Testament Words*, Philadelphia, Westminster Press, 1974,

Crosby. Fanney. J

Davidson. Benjamin, *The Analytical Hebrew and Chaldea Lexicon*. Grand Rapids, Mich. Zondervan. Publishing House, 1977.

Ford, Hershel. *Simple Sermons on Christian Doctrines*.

Greek English Dictionary of the New Testament. United Bible Societies, 1971. p. 246.

Graham, Billy. *The Holy Spirit*. Word Books, 1978.

Mac Arthur, John. Moody Publishers. Hebrews.

Robertson, Archibald Thomas, *Word Pictures in the New Testament, Vol. IV*, Grand Rapids: Baker

Book House, 1931.

Ruthledge, Howard and Phylis, *In the Presence of Mine Enemies*. Old Tappan, New Jersey: Fleming and Revell, 1973.

Souza, Martin, *Regard sur Ouidah, A Bit of History*, Ouidah, Benin, Africa, pp. 35-39.

Wuest, Kenneth S. *Romans in the Greek New Testament, Wuest's Word Studies for the English Reader*, Wm B. Eerdmans Publishing, Grand Rapids, Michigan 1955.

Zodhiates, Spiros. *The Hebrew-Greek Key Study Bible*. Chattanooga, Tenn.:AMG Publishers, 1984, p. 1,065.

